ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№137 (25.043) • 2026 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 14, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іап Іэм къызэритамкІэ



Зэдэлэжьэныгъэ щхьэпэ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ Іуэхукіэ иригъэблэгъащ Щ Іалэгъуалэ Іуэхухэмкіэ къэрал агентствэм и унафэщІым и къуэдзэ Зотовэ Лейлэ.

«НОБЭ щІалэгъуалэ политикэм хиубыдэу зэуэ Іуэхугъуэшхуитl идогъэкІуэкІ, - дыкъыщоджэ Іэтащхьэм и напэкІуэцІым. - «Іэмалхэм я щыгу» урысейпсо зэхуэсышхуэм «Росмолодежь» Іуэхущ Іап Іэм къыщигъэнэІуэнущ грантхэмкІэ зэпеуэр зэриухар. Къинэмыщ Іауэ, «Іуащхьэмахуэ» хэкупсэ гъэсэныгъэ центрыр къызэІудох. Апхуэдэ Іэмал къыдитащ «Щ Іалэгъуалэм папщІэ щІыналъэ» программэм».

Зотовэ Лейлэ а Іуэхугъуэхэм хэтын папщІэщ республикэм къыщІэкІуар. ЗэІущ Іахэр тепсэлъыхьащ щІыналъэм щекІуэкІ щІалэгъуалэ политикэм, «Росмолодежь» Іуэхущ Іап Іэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ Іалэгъуалэ Іуэхухэмкіэ и министерствэмрэ зэрызэдэлажьэ щІыкІэм.

КІуэкІуэ Казбек Зотовэ Лейлэ республикэм къызэрыкІуам, абы и унафэщІ Гуров Григорийрэ «Росмолодежь» Іуэхущ Іап Іэм и лэжьакІуэ гупымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІалэгъуалэм къыдах жэрдэм псори къызэрыда Іыгъым папщІэ, фІыщІэ яхуищІащ.

Зэпыу мыхъуну Іуэхухэр

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек видеозэпыщІэныгъэ Іэмалкіэ хэтащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и япэ къуэдзэ Мантуров Денис иригъэкІуэкІа зэІущІэм. Ар теухуат экономикэм и къудамэ щхьэхуэхэм я лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкІэмрэ абыхэм зэпыу яІэ зэрымыхъунумрэ.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ щІыналъэхэм шынагъуэншагъэ и лъэныкъуэкІэ зыхуэсакъыпхъэу щыІэхэм, инфраструктурэкІэ хэщІыныгъэ ямыІэным хуэгъэпса лэжьыгъэхэм, хьэпшыпхэр зэбгрышыным, ахэр зылъэІэсыпхъэм ялъэІэсыным ехьэлІауэ щыІэ Іэмалхэм, коммунальнэ, социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр щыщІэныгъэншэу цІыхухэм яІэрыхьэн зэрыхуейм.

Гъэсыныпхъэхэмрэ энергиемкІэ хэщІыныгъэ яІэ хъумэ, къагъэсэбэп хъуну Іэмалхэмрэ гъэтІылъыгъэхэмри я гугъу ящІащ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и Унафэщ Іу ягъэува Дегтярев Игорь республикэм и судыщІэхэм щрагъэцІыхуа зэІущІэм.

АБЫ теухуа Указым Урысейм и Президентым Іэ щІидзащ жэпуэгъуэм и 12-м. А къулыкъум ягъэувын ипэкІэ Дегтярев Игорь Ипщэ щІыналъэ дзэ судым и унафэщІым и къуэдзэу лэжьащ.

И Іэнатіэщ Іэм зэрагъэувам теухуа дэфтэрыр Дегтярев Игорь иритыжащ УФ-м и Суд Нэхъыщхьэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ Тимошин Николай.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Іэнатіэм и унафэщІым ехъуэхъуащ, ар Президентым дзыхь къызэрыхуищІым и дамыгъэу зэрыщытыр къыхигъэщу. «Республикэм и хеящІэ Іэнатіэм - абы и къудамэ пажэ Суд Нэхъыщхьэм - я лэжьыгъэфІым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу дэтхэнэм дежкІи мыхьэнэшхуэ иІэщ, - къыхигъэбелджылыкІащ КІуэкІуэ Казбек. - Хабзэм тетыныр къызэгъэпэщыныр - ар къэралыр зытет лъабжьэщ. Абы хуолажьэ хабзэхъумэ органхэри, властым и хабзэубзыху, гъэзэщІакІуэ органхэри - дэтхэнэми хэлъхьэныгъэ а Іуэхум хуещІ. Апхуэдэу щытми, суд властырщ мыбдежым кІэух унафэр зыІэщІэлъыр - ар шэсыпІэ йохьэ хабзэр щыІэ мардэхэм зэризагъэмкІэ».

Дэтхэнэм дежкІи мыхьэнэшхуэ иІэщ



Дегтярев Игорь къыхигъэщащ: «Дэ жэуаплыныгъэ зыпылъ лэжьыгъэ къытпэщылъщ, ар хуэунэтІащ судыр фІагъ хэлъу, захуагъэм тету щытыным, цІыхухэм суд властым кърагъэз дзыхьым хэгъэхъуэным, судхэм я лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэща щІыкІэр егъэфІэкІуэным. Судым и унафэщІ къулыкъум сыпэрыту сэ сыхущІэкъунущ щІыналъэм къэрал хабзэм щытетыныр япэ игъэщыным икІи суд властым и Іулыджыр адэкІи лъагэу щытыным».

ЗэІущІэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым властым и къэрал органхэм, щІыналъэм и хабзэхъумэ, къарузехьэ, кІэлъыплъакІуэ Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэр, щІыналъэхэм я хеящІэ Іуэхущ Іап Іэхэм я унафэщІхэр.



Ахъшэр зыхуэдизынумрэ нэхъыщхьэу зытрагъэкІуэдэнумрэ

2-нэ нап.



Адыгагъэр, цІыхугъэр, хабзэр и лъабжьэу

4-нэ нап.



Малъхъэдис

11-нэ нап.



Лъэпкъ Іэф Іыкіэр зи Іэрыкіэр

12-нэ нап.

ИнтернеткІэ Іэ тевдзэ

Ныбжьыщlэхэм папщlэ lуэхущlапlэщlэ

Щlалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэным хуэгъэпса «lуащхьэмахуэ» центрыр гуфlэгъуэ щытыкlэм иту дыгъуасэ къыззlуахащ. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIам теухуауэ абы Максым щиlэ напэкIуэцIым щитхаш:

«ЦЕНТРЫР къыззlутхынымкlэ сэбэп хъуащ ди Президент Путин Владимир Владимир и къуэм и жэрдэмым ипкъ иткlэ «Росмолодежь»-м къыхилъхьа, «Щlалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектым щыщ «Щlалэгъуалэм я щlыналъэ» программэр.

Къапщтэмэ, къыззэдгъэпэщащ Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ инхэм, илъэс хъурейм лэжьэну, lуэху куэдым хуэщlа комплексхэм ящыщ зы. Ар Налшык къалэм и зыгъэпсэхупlэ щlыпlэ Долинск щыlэщ икlи нэхъапэм сабийхэм я лагеру щыта, илъэс тlощl хъуауэ къамыгъэсэбэпыж «Коммунальник»-рщ щылэжьэнур.

Дэ ар къэдгъэщlэрэщlэжын тхузэфlэкlащ икlи иджыри илъэс куэдкlэ а lуэхущlапlэр щlалэгъуалэм къахуэщхьэпэнущ. Гектаритхум щlигъу зыубыд центрым хэтщ кластер зэмылlэужьыгъуэхэр - махуэ куэдкlэ екlуэкlыну зэхыхьэхэм кърихьэлlэхэм папщlэ цlыху 230-рэ зыщlэхуэну унитl, щlэныгъэ щрагъэгъуэт lыхьэ - зыщагъасэ, мастер-классхэр щрагъэкlуэкl ухуэныгъэ.

Апхуэдэуи спортым, туризмэм хуэщlа скалодроми хэтщ, иlэщ щылэжьэну мэкъумэш парки, дзэ-хэкупсэ lуэхухэм папщlэ хэтщ лъэпощхьэпохэр къызэранэкlыурэ щыджэгуну, лазертаг щlыпlи, щэнхабзэ узэщlакlуэ унэтlыныгъэм хуэщlа, щхьэ зытемылъ амфитеатри.

Мыбы щекlуэкlынущ республикэ, щlыналъэзэхуаку, урысейпсо, дунейпсо мыхьэнэ зиlэ щlалэгъуалэ lуэхухэр. Центрым апхуэдэу хэтынущ Пажэхэм я зэщlэхъееныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ къудамэм папщlэ лагерри.

Я лэжьыгъэм и унэтlыныгъэ нэхъыщхьэу щытынур сабийхэмрэ щlалэгъуалэмрэ хэкупсэу гъэсэнырщ, Урысейм и цlыху щыпкъэхэр къэгъэхъунырщ, тхыдэм и пэжыпlэр, псэкупсэ-щэнгъасэ лъапlэныгъэхэр хъумэнырщ, апхуэдэуи нэхъыжьхэм я нэlэ щlэблэм ятету къекlуэкl хабзэхэмрэ псапащlэ lуэхухэм яфlэфlу хэтынымрэ ныбжьыщlэхэр хуэущиинырщ.

«lуащхьэмахуэ» центрыр къызэрызэlутхар лъэбакъуэщlэу мэув Къэбэрдей-Балъкъэрым щlалэгъуалэм я инфраструктурэм зыщегъэужьынымкlэ, ди щlыналъэхэм я нэхъыбапlэм щыдиlэщ щlалэгъуалэ центрхэр.

Дэ щlалэгъуалэм я зэчийр, зэфlэкlыр къызыкъуахынымкlэ lэмалыщlэхэр къахузыдогъэпэщ, щlэныгъэ зрагъэгъуэтыным, творчествэм, спортым, туризмэм хэтыным, жылагъуэм дежкlэ мыхьэнэшхуэ зиlэ жэрдэмхэр гъэзэщlэным хуэунэтlауэ.

Шэч къытесхьэркъым ныбжьыщlэхэр къэралыгъуэшхуэм щыщ lыхьэу зэрыщытыр, ахэр зэрызэкъуэтыр нэсу щызыхащlэну, я Хэкум иригушхуэу зыщагъэсэну икlи езыхэм зрагъэщlахэмкlэ я ныбжьэгъухэм щадэгуэшэфыну щlыпlэ «lуащхьэмахуэ» центрыр зэрыхъунум».

Тхыдэм щыщ хъуа lуэхухэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум и щlыхькlэ къызэlуаха «Сквер 100-летия» зыгъэпсэхупlэм хыхьэу яухуа гъуазджэ галереемрэ lуащхьэмахуэ лъапэ 1966 гъэм къыщызэlуаха «Иткол» хьэщlэщымрэ щагъэлъэгъуэнущ «Инфраструктура ожидания» выставкэр. Ар «Кавказ. РФ» АО-м къызэригъэпэщащ, Урысейм Экономикэ зыужьыныгъэмкlэ и министерствэр, Ядернэ къэхутэныгъэхэмкlэ институтыр и дэlэпыкъуэгъуу.

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭР

Налшык къалэм щекlуэкlынущ щэкlуэгъуэм и 14 - дыгъэгъазэм и 7 махуэхэм. Итlанэ lуащхьэмахуэ лъапэ яшэнущ. Нэхъапэlуэкlэ (жэпуэгъуэм и 14 - 31-хэм) ар Москва и «Система» галереем щагъэлъэгъуащ икlи цlыху миниплlым щlигъу еплъащ абы. Гъэлъэгъуэныгъэр зыхуэдэнум елэжьар Снетков Алексейщ. Къэхутэныгъэ тхыгъэхэр ейщ архитектурэмкlэ тхыдэдж Казаковэ Ольгэ. «Архив высоты» къэхутэныгъэ проектыр ищlащ «Кавказ. РФ» lуэхущlапlэм. «Инфраструктура ожидания» лэжьыгъэр абы бгъэlэпхъуэ хъу и япэ гъэлъэгъуэныгъэщ.

Мыр траухуащ lуащхьэмахуэ бгы-лыжэ курортымрэ бгы лъагэ щlэныгъэ лабораторэхэмрэ щыщаухуа, модернизмэм нэхъ тегъэщlа унэхэр щащlа 1960 - 1970 гъэхэм я тхыдэм. Абы хагъэхьащ архив дэфтэрхэм щыщ сурэтхэр, эскизхэр, бгыщхьэми бгы лъапэми щекlуэкlа лэжьыгъэм и щыхьэтхэр. Нэхъ пыухыкlауэ жыпlэмэ, цlыху-хэм ялъагъунущ ТАСС-м, Архитектурэмкlэ музей Щусев А.В. и цlэр зезыхьэм я сурэт, тхыгъэ гъэтlылъыгъэхэм щыщхэр, СССР-м бгым лыжэкlэ къежэхынымкlэ и гуп къыхэхам хэтхэм сурэт ятезыха Денисов Роман, архитектурэ сурэттех Народницкий Алексейрэ сурэттех-документалист Гельман Мариерэ я лэжьыгъэхэр.

Гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьэнущ Бахъсэн нейтриннэ обсерваторэм а гъэхэм щызэрахьа Iэмэпсымэхэр. Тырныауз ущыдыхьэкlэ щыт, 1965 гъэм Аблин Евгений ищlа стелэм и эскизыр, «Чегет» кlапсэ гъуэгум 1963 гъэм пащlа тlысыпlэхэр, альпинистхэм къагъэсэбэп хьэпшыпхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ, тхылъхэр, пластинкэхэр.

Высоцкий Владимир зыхэт «Вертикаль» фильмым къинэмыщlауэ, 1978 гъэм траха «Пусть всегда будет солнце» кинохроникэр ягъэлъэгъуэнущ. А плёнкэр Бахъсэн нейтриннэ обсерваторэм къыщагъуэтыжащ икlи утыку къызэрырахьэнум хуагъэхьэзыращ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● **КъБР-м и Парламентым**

Ахъшэр зыхуэдизынумрэ нэхъыщхьэу зытрагъэкIуэдэнумрэ



Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и комитетхэм иджыблагъэ ирагъэкIуэкIа зэlущlэхэм депутатхэр, министерствэхэмрэ lэнатlэ зэмылlэужьыгъуэхэмрэ я лIыкIуэхэр я гъусэу, щытепсэлъыхьащ «КъБР-м и бюджетыр 2027 гъэм, 2028 - 2029 гъэхэм ятещlыхьауэ» республикэ законым и проектым.

КъБР-м финансхэмкlэ и министр Лисун Еленэ къигъэнэlуащ бюджетыр зэрызэхэлъ lыхьэ нэхъыщхьэхэмрэ налог ухуэкlэмрэ. Абы жиlащ УФ-м и Бюджет кодексым, КъБР-м и республикэ бюджетыр зэрызэхалъхьэ щlыкlэм ехьэлlауэ КъБР-м и Правительствэм къыщта унафэм къызэрагъэувым тету дэфтэрыр зэрагъэхьэзырар икlи 2027 - 2029 гъэхэм Урысей Федерацэм и бюджет политикэм къыщыгъэлъэгъуа lуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ар зэрапэджэжыр.

Министрым къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ мы гъэм федеральнэ бюджетым и проектым бюджетхэм яку дэлъ трансфертхэр тегуэшэныр къызэрыщымылъытам. УФ-м и бюджетым и проектым а lуэхум теухуа гуэдзэнхэр къыщыгъэлъэгъуакъым, ахэр къыщыхалъхьэнур етlуанэ еджэгъуэрщ. Абы къыхэкlыу республикэ бюджетым хэхъуэу иlэнур зыхуэдизым и лъабжьэу къащтар 2026 - 2028 гъэхэм ятещlыхьа федеральнэ бюджетым теухуа законым къищтэ бюджет зэхуаку трансфертхэр зэрыщытегуэша щlыкlэрщ.

КъБР-м и Парламентым Хабзэгъэувымрэ щlыпlэ унафэр зегъэкlуэнымкlэ, Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ lулъхьэм пэщlэтынымкlэ, Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкlэ и комитетхэм я зэlущlэм къыщаlэтащ республикэм езым и хэхъуэхэр зыхуэдэр, Терскол къуажэм щаухуэну курыт еджапlэм хухахыну ахъшэмрэ сабий зеиншэхэр псэупlэкlэ къызэрызэрагъэпэщымрэ ехьэлIа lуэхугъуэ куэд.

Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмкlэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я lуэхухэмкlэ, Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмкlэ, физическэ щэнхабзэмкlэ, спортымрэ щlалэгъуалэм я lуэхухэмкlэ, Щэнхабзэмкlэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащlэ политикэмкlэ комитетхэм зэдрагъэкlуэкIа зэlущlэм нэхъыбэу къыщыхагъэщар цlыхухэм зэрызыщlагъакъуэ lэмалхэрщ. Абы теухуауэ КъБР-м финансхэмкlэ и министр Лисун Еленэ къигъэлъэгъуащ республикэ бюджетым и процент 69-р зытрагъэкlуадэр социальнэ lуэхухэр зэрыарар.

Зэlущlэм щытепсэлъыхьащ хуэгъэкlуатэ зиlэ цlыхухэм хущхъуэ зэрырат щlыкlэм, зэлэжьыжа общежитхэр зыхуэныкъуэхэмкlэ къызэрызэрагъэпэщым, зэреджэ тхылъхэр школхэм зэрыlэрагъэхьэм.

Депутатхэр къытеувыlащ щlэныгъэ фондхэм къэралыр зэрадэlэпыкъуми, ехъулlэныгъэ зиlэ спортсменхэмрэ абыхэм я гъэсакlуэхэмрэ гулъытэ зэрыхуащlми, гъэмахуэм сабийхэм я узыншагъэр ирагъэфlэкlуэнымрэ зрагъэгъэпсэхунымрэ мылъку зэрыхухахми.

Экономикэмкlэ, зыужьыныгъэмкlэ, туризмымрэ хьэрычэтыщlэ lуэхухэмкlэ, Мэкъумэшымкlэ, щlыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкlэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкlэ комитетхэм хэтхэр тепсэлъыхьащ дзэ lуэху хэхам щыlэхэм зэрызыщlагъэкъуэну щlыкlэм, республикэм и мэкъумэшыщlэхэмрэ хьэрычэтыщlэ ныбжьыщlэхэмрэ къэралым яхуищlыну гулъытэм. Щхьэхуэу тепсэлъыхьащ псэущхьэхэмрэ къэкlыгъэхэмрэ къэпщытэным мылъку хухэхын, налогхэр зытрагъэкlуадэр нэрылъагъуу щытын зэрыхуейм, щlыуэпсым и хъугъуэфlыгъуэхэр къызэрагъэсэбэпым, щlыналъэм и гъэсыныпхъэ lэнатlэм уасэхэр зэрыщаубзыхум.

Депутатхэр хэплъащ цlыхухэр нэхъыбэу щызэхуэс щlыпlэхэм «Шынагъуэншэ республикэ» АПК-м и видео-кlэлъыплъыныгъэхэм я бжыгъэм щыхэгъэхъуэным, «112», «ГЛОНАСС» lэмалхэм адэкlи зегъэужьыным ехьэлIа lуэхугъуэхэм.

Депутатхэр къытеувыlащ республикэ бюджетым и хэхъуэр нэхъыбэ зэращlыну lэмалхэм, туризмэм къыпэкlуэ налогхэр къызэрыхахым.

Зэlущlэм къыщагъэнэlуащ сабийхэр гъуэгухэм къыщыхъу насыпыншагъэхэм хэмыхуэн щхьэкlэ ирагъэкlуэкl лэжьыгъэм щlалэгъуалэр къыхэшэным, «Инспектор ныбжьыщlэхэр» отрядхэм зегъэужьыным, сабийхэм папщlэ автогородок ухуэным мылъку зэрыхухэхыпхъэм.

Комитетхэм зэгъусэу ирагъэкlуэкIа зэlущlэхэм къыщыхалъхьа lуэхугъуэхэр къалъытэнущ республикэ бюджетым и проектым адэкlи щелэжькlэ. Къищынэмыщlауэ, зэгъэзэхуэжыпхъэхэр, гу зылъытапхъэхэр хуагъэхьынущ КъБР-м и Парламентым Бюджетымкlэ, налогхэмрэ финанс lуэхухэмкlэ и комитетым.

Къащта унафэм ипкъ иткlэ, щэкlуэгъуэм и 18-м КъБР-м и хабзэубзыху lуэхущlапlэм щекlуэкlынущ зи гугъу ящl законопроектым теухуа жылагъуэ едэlуэныгъэхэр. Законопроектым къыщыгъэлъэгъуахэм зыщыщыбгъэгъуэзэфынущ КъБР-м и Парламентым и сайтым «Законопроектхэр» и lыхьэм.

КъБР-м и Парламентым и пресс-lуэхущlапlэ.

● Махуэгъэпс

Зэгъэзэхуэным и мыхьэнэр

Къэрал зыбжанэм къызэрыщалъытэмкIэ, щэкIуэгъуэм и 15-р КIэрыхубжьэрыхухэм хэлэжьыхьыжыным (рециклинг) и дунейпсо махуэщ.

ИНДЖЫЛЫЗЫБЗЭМ къыхэкIа «рециклинг» фIэщыгъэр «хэлэжьыхьыж» мыхьэнэр къикIыущ къызэрыдгурыIуэ хъунур. КIэкъинэхэм къыхахыурэ къытрагъэзэжурэ зыхэлэжьыхьыжхэм ящыщщ абджым, хьэфэм, пластикым, полиэтиленым къыхащIыкIа хьэпшыпхэр, тхылъымпIэр, гъущIхэкI лъэпкъыгъуэхэр, зэрамыхьэж щыгъынхэр, нэгъуэщIхэри.

Iуэхур зыхуэунэтIар кIэрыхубжьэрыхухэр щIэрыщIэу къэгъэсэбэпыжыным ехьэлIа лэжьыгъэ щхьэпэм къэрал къулыкъущIапIэхэм Iутхэм, жылагъуэм, промышленностым пыщIа IэнатIэхэм гулъытэ хэха хуегъэщIынырщ.

Хэгъэгу зыбжанэм илъэс къэс щэкIуэгъуэм и 15-м траухуэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ кIэкъинэхэм хьэпшыпыщIэхэр къахэпIщIыкI зэрыхъуну Iэмалхэм щыгъуазэ уахуэзыщI зэхуэсхэр, гъэлъэгъуэныгъэ щхьэхуэхэр, дыкъэзыухъуреихь дунейм хуэсакъын, щIыуэпсым щысхьын зэрыхуейм уи гупсысэр тезышэ концертхэр, псапэ зыпылъ Iуэхухэр къызэрыщызэрагъэпэщыр.

Мы махуэм къежьапIэ хуэхъуауэ къалъытэр Америкэм и Штат Зэгуэтхэм 1997 гъэм щэкIуэгъуэм и 15-м къыщаIэта Iуэхугъуэрщ - абы щыгъуэщ а къэралым япэ дыдэу къыщыщызэрагъэпэщар кIэкъинэхэмрэ кIэрыхубжьэрыхухэмрэ щыхэлэжьыхьыжа щIыхьэхушхуэр. Абы иужькIэ, США-м щекIуэкIа а Iуэхугъуэр щапхъэ яхуэхъури, а махуэр къэрал куэдым ягъэлъэпIэн щыщIадзащ.

БлэкIам къызэрыхэщыжымкIэ, кIэкъинэхэм хьэпшыпыщIэхэр къахэпщIыкIыж зэрыхъунум ди адэжьхэри егупсысу щытащ. Жыжьэ дымыIэбэу къэдгъэлъэгъуэнщи, къэрал абрагъуэу щыта СССР-ми Iуэхугъуэ дахэу щекIуэкIырт тхылъымпIэжьхэмрэ гъущIхэкI кIэрыхубжьэрыхухэмрэ зэхуахьэсыжыныр.

ЩIым и щIыгум, и тенджызхэм яIэ хъуа теплъэм дытепсэлъыхьмэ, икъукIэ дызыгъэшынэщ дыщIигъэнэн хуэдизу кIэрыхубжьэрыхуу щызэтрихьэр кIуэ пэтми нэхъыбэж зэрыщыхъур. Зи гугъу тщIы мыхъумыщIагъэшхуэу щIыгум щыIуащхьэбэрэ псыхэм щызепсыпсэм нэмыщI, ди планетэр иужьрей илъэсхэм нэхъри нэхъ гъунэгъу зыхуэхъу тхьэмыщкIагъэшхуэщ щIэныгъэлIхэм къытрагъэзэжурэ зи цIэ къраIуэ «парниковый эффект» жыхуиIэри. А псом къахэкIыу кIэрыхубжьэрыхухэм хэлэжьыхьыжыным мыхьэнэшхуэ зэриIэм шэч къыщIытетхьэн щыIэкъым.

Ди планетэм къыщыдгъэщхьэпэ и хъугъуэфIыгъуэхэм дазэрыщымысхьым и «фIыгъэкIэ», щIыуэпсым бгъэдэлъа гъэтIылъыгъэхэм я Iыхьэ щанэм, еджагъэшхуэхэм къызэрабжамкIэ, гъазэ имыIэу дыпыкIащ.

Ауэ щыхъукIи, а щхьэусыгъуэхэращ дахуэзышэр щIым къыщIэтх, псым къыдит хъугъуэфIыгъуэхэр зэдгъэзэхуэн зэрыхуейми кIэкъинэхэм бгъэдыхьэкIэ тэмэм къахуэдгъуэткIэрэ хьэпшыпыщIэхэр къахэтщIыкI зэрыхъунуми.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Мы махуэхэм

ЩэкIуэгъуэм и 14, *щэбэт*

♦**Фошыгъу узым ебэныным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и социологхэм я махуэщ**

♦**1989 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ къищтащ, зи хэкур залымыгъэкIэ зрагъэбгына лъэпкъхэм лей зэрыкIэлъызэрахьар, ар щIэпхъаджагъэу зэрыщытар къыщыгъэлъэгъуауэ.

♦**1914 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ **Къашыргъэ Хьэпащэ**.

♦**1924** гъэм къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Ефэнды Джылахъстэн**.

♦**1935** гъэм къалъхуащ ухуакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Алмэ Алий**.

♦**1947** гъэм къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къэрмокъуэ Ахьмэд**.

♦**1988** гъэм къалъхуащ усакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Гугъуэт Заремэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 20, жэщым градуси 6 - 10 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 15, *тхьэмахуэ*

♦**Гъуэгум къыщыхъу автомобиль зэжьэхэуэхэм хэкIуэдахэр ягу къыщагъэкIыж дунейпсо махуэщ**

♦**Дзэм къулыкъу щищIэну ираджэм и урысейпсо махуэщ**

♦**Урысейм зэщIэгъэуIууэ щалэжь щIэпхъаджагъэхэм ебэныным хуэгъэпса Iэнатlэр къыщызэрагъэпэща махуэщ**

♦**1937 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и корректору илъэс 40-м щIигъукIэ хьэлэлу лэжьа, республикэм и дамыгъэ лъапIэхэр зрата **Сокъур Тамарэ**.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ **Дыщэкl Марие**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, Москва дэт финанс университетым и ректору щыта **Есчындар Мухьэдин**.

♦**1957 гъэм** къалъхуащ публицист, «Адыгэ псалъэ» газетым и унафэщI-редактор, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Ширдий Маринэ**.

♦**1973 гъэм** къалъхуащ АР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Къудей ФатIимэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 12, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 16, *блыщхьэ*

♦**Зэхудэчыхыныгъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Проект зыщIым и урысейпсо махуэщ**

♦**1921 гъэм** Москва къыщызэIуахащ литературо-художественнэ институт нэхъыщхьэр.

♦**1943 гъэм** Яхэгууэ Михаил Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор **Дыкъынэ Хьэсэнбий**.

♦**1943 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор **Щокъарэ Хьэсэнбий**.

♦**1957 гъэм** къалъхуащ оперэ уэрэджыIакIуэ, УФ-мрэ КъБР-мрэ щIыхь зиIэ я артист **Батыр Мухьэдин**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 6, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

КЪЫТХЭХЪУАЩ

Вэсэмахуэ республикэм къыщалъхуащ сабий 27-рэ: 15-р хъыджэбз цIыкIущ, 12-р щIалэщ.

Дыгъуасэ - сабий 31-рэ: 13-р хъыджэбз цIыкIущ, 18-р щIалэщ.

ЩэкIуэгъуэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 32-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 7263-рэ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Мазэ пэтрэ фыгъуэгъу иIэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я Iэхухэмкlэ и комитетым и унафэщI **Къэжэр Хъусен Хьэмид и къуэм** хуогузавэ абы и къуэш **Къэжэр Аслъэнбий Хьэмид и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым илъэс куэдкIэ щылэжьа **Къардэн Ренат Хьэчим и къуэм** и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ ар гуузу дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.



Налшык и аттракционхэр илъэс 70 ирокъу

Сабиигъуэр уигу къэзыгъэкIыж зыгъэпсэхупIэр, «Аттракционхэм я паркыр», мы гъэм илъэс 70 зэрырикъум дыхуегъэплъэкIыж ар къызэрежьам, ди зэманым игъуэта зыужьыныгъэм.

АТТРАКЦИОНХЭМ я паркыр 1956 гъэм къызэIуахат, ауэ абы и лъабжьэр нэхъ куущ. Сабийхэм я нэгузегъэужьыпIэр хэтщ зи тхыдэр XIX лIэщIыгъуэм къыщежьэ ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм. 1920 гъэхэм щIыпIэр цIыху зыгъэпсэхупIэ хъуат, лъэс лъагъуэхэр щыпхышауэ, удз гъэгъа, жыг зэмылIэужьыгъуэхэр иту. Ауэрэ жыг хадэр Налшык и зыгъэпсэхупIэ нэхъыщхьэ хъуащ, и аттракционхэр унагъуэхэр здэкIуэну яфIэфI щIыпIэщ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм километрищ и кIыхьагъщ, метр 700 хуэдиз и бгъуагъщ. Абы 2007 гъэм фIащащ мы щIыпIэхэр зыIэщIэлъа, хадэм жыг, къэкIыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щыхезыгъэса ХьэтIохъущокъуэпщым и цIэр.

Совет зэманым паркым и цIэр зыбжанэрэ яхъуэжащ - Коммунистическэ, Интернационал фIэщыгъэхэм къыщыщIэдзауэ Сталиным ейм щыщIэкIыжу. Мыхьэнэшхуэ зиIэ хъуащ жыг хадэм и Курорт, Къалэ Iыхьэхэм я зэпылъыпIэм деж 1955 - 1957 гъэхэм архитектор Мосулишвили Георгий и проектkIэ щаухуа ротондэр (пкъо зыщIэт, зи унащхьэр хъурей тIысыпIэр). Абы и Iэгъуэблагъэращ зыщиубгъуар унагъуэхэм я зыгъэпсэхупIэ хъуа аттракционхэм я къалэ цIыкIум. Илъэс 70-м къриубыдэу хъыринэ цIыкIухэр зыдэта нэгузегъэужьыпIэр унагъуэхэм я зыгъэпсэхупIэ нэс хъуащ.

Республикэм щыпсэу куэдым я дежкIэ ар зыщагъэпсэху щIыпIэ къудейкъым, дауи, атIэ я сабиигъуэм щыщ Iыхьэщ: хэт зымыщIэжыр фошыгъу бжьэхуцым и мэр, каруселхэм я макъамэр, «Зыплъыхьыпlэ шэрхъым» ису лъагэу зиIэту къалэм ищхьэкIэ къыхэплъэу зэрыщытар?!

Иужьрей илъэсхэм паркым зыужьыныгъэфI игъуэтащ, и теплъэм зихъуэжащ. 2018 гъэм щIадза а лэжьыгъэшхуэм кърикIуам нобэ ущымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым. Абы щолажьэ аттракцион тIощIым хуэдиз, езы къалэ цIыкIур Долинск щыIэ Щэнхабзэмрэ зыгъэпсэхупIэмрэ я паркым и Iыхьэ нэхъыщхьэщ.

ЩIэуэ къыхагъэхьахэм ящыщщ зи бжэхэр зэхуэщIауэ щыт, метр 50 зи лъагагъ «Зыплъыхьыпlэ хъурейр». Къалэм и уэрам нэхъыщхьэхэр плъагъуу ягъэува аттракциоыр, шэч хэмылъу, Налшык и дамыгъэщIэ хъуащ. Хъыринэхэмрэ машинэ цIыкIухэр зыщIэт автодромхэмрэ къищынэмыщIа, сабийхэм я нэгу зезыгъэужь аттракционхэм яхэтщ кхъуафэжьейхэмрэ шар узыпхыплъхэмрэ (сабийр ису) зытет псыгуэнхэр (Урысейм и ипщэ лъэныкъуэм я паркхэм дежкIэ щыгъуэтыгъуейщ), Iэпкълъэпкъым и псынщIагъымрэ шэрыуагъымрэ хуэгъэпса джэгукIэхэр щекIуэкI ухуэныгъэ, цIыху 24-рэ зэрыхуэ «Арго» хъыринэ абрагъуэр, нэгъуэщIхэри.

Къалэ унафэщIхэм гулъытэ хэха хуащI зи узыншагъэм сэкъат иIэ цIыкIухэм. Абыхэм папщIэ аттракционхэр пщIэншэщ, я нэгу зэрызрагъэужьыну зэманри паубыдыркъым.

Нобэ паркыр зи гугъу тщIы аттракционхэм я закъуэкъым. Мыбдеж зэпымыууэ щокIуэкI концертхэр, къалэм и махуэшхуэхэр, ерыскъыхэмрэ IэщIагъэлIхэм я дерсхэмрэ щызэхэт жармыкIэхэр. Абы и илъэс 70-м и щIыхькIэ ягъэхьэзыр Iуэхугъуэхэм ящыщу къэбгъэлъагъуэ хъунущ тхыдэм щыщ сурэтхэм, архивым хэлъ афишэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ зэрекIуэкIынур.

Налшык гъэм и сыт хуэдэ зэманми щыдахэщ и жыг хадэр. А щIыпIэр къалэдэсхэм фIыуэ щIалъагъур къыбгурыIуэнущ ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм и лъэс лъагъуэ нэхъыщхьэм урикIуэрэ, зи гугъу тщIа «Зыплъыхьыпlэ шэрхъым» уису лъагэу зыпIэтмэ: гъатхэм паркым и щхъуантIагъэ псори, бжьыхьэм - жыг дыщафэхэр зы плъэгъуэкIэ уи нэм къыIуидзэнущ.

Мы паркыр зэрыщыIэ илъэсхэм куэдрэ ар къагъэщIэрэщIэжащ, иужьрейуэ игъуэта теплъэм республикэм щыпсэухэм я мызакъуэу, хьэщIэхэри зыгъэпсэхуакIуэхэри етхьэкъу.

Тхыгъэри сурэтри
БАГЪЭТЫР Луизэ *ейщ.*

Къызэрызэрагъэпэщрэ мы гъэм илъэс 21-рэ ирокъу Ставрополь къалэм щызэхэт «Адыгэхэр» щэнхабзэ центрыр. А зэманым къриубыдэу ар Ставропольем щыпсэу ди лъэпкъэгъу щэ бжыгъэхэм я зэхуэсыпIэ, зэIущIапIэ, адыгэбзэр щагъэбзэрабзэ, адыгэ джэгу щызэхашэ хэщIапIэ хъуащ. Адыгэ лъэпкъым и зыужьыныгъэм, адыгэбзэр, хабзэхэр, тхыдэр, щэнхабзэр хъумэным теухуауэ центрым щызэфIах Iуэхухэм, Ставропольем щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я щыIэкIэ-псэукIэм теухуа упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ «Адыгэхэр» центрым и тхьэмадэ Шыбзыхъуэ Юрэ.

- Илъэс тIощIым щIигъуауэ адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм гуащIафIэу Ставрополь крайм ди лъэпкъ Iуэхур щегъэкIуатэ... Хэт сымэ а щIыналъэм щыпсэу адыгэхэр, Юрэ?

- Ставрополь крайм адыгэу щыпсэум я бжыгъэр къыщащIэм деж куэдым ягъэщIагъуэ. 2020 гъэм екIуэкIа къыхэтхыкIым къызэригъэлъэгъуамкIэ, адыгэу Ставропольем щыпсэур цIыху 9774-рэ мэхъу. Дэнэ щыщ жыпIэу ущIэупщIэмэ, ахэр Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм къикIыу Ставрополь щеджэну къакIуэу, щыпсэуну къыдэнахэрщ. Арами, яхэтщ мы щIыналъэм илъэс щитIрэ тхущIым щIигъуауэ щыпсэу лъэпкъхэм я щIэблэхэр. 1763 гъэм Къэбэрдей ЦIыкIум и джыназ Кургъуокъуэ Къунчыкъуэ и цIыхухэр Мэздэгу къуэладжэм къишащ, Тэрч и сэмэгурабгъу IуфэмкIэ. Абыхэм къатехъукIыжахэр мэздэгу адыгэхэращ, ноби ахэр щопсэу Осетие Ищхъэрэ - Аланием и Мэздэгу районым, апхуэдэуи, абы и гъунэгъу, Ставрополь крайм и Курской районым, Серноводскэ, Русское жылэхэм.

Ди жылагъуэ зэгухьэныгъэмкIэ згъэзэжынщи, ар 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м къызэрагъэпэщауэ щытащ. Сэ центрым и тхьэмадэ IэнатIэм сыпэрытщ 2011 гъэ лъандэрэ, 2018 гъэм щегъэжьауэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм дыхэтщ. КъищынэмыщIауэ, Ставрополь крайм и губернаторым и нэIэм щIэту къалэ администрацэм щылажьэ Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ советым дыхагъэхьащ.

- Сыт хуэдэ лэжьыгъэхэр иригъэкIуэкIрэ зэгухьэныгъэм?

- Ахэр нэхъыбэу зэпхар щэнхабзэрщ. 2015 - 2019 гъэхэм къриубыдэу фестивалитху едгъэкIуэкIати, абы псори зэхэту цIыху мини 5-м щIигъу къекIуэлIат. Нэхъ телъыджэу щытащ 2017 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм зэхэтшауэ щыта, «Адыгэм и дуней» япэ фестивалыр. Пшыхьым къекIуэлIат цIыху минрэ щитхурэ. Ар щекIуэкIа IуэхущIапIэм и щIыхьэпIэм къыщызэдгъэпэщат адыгэ фащэм и гъэлъэгъуэныгъэ: Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щыщ модельерхэу Акъущ ФатIимэрэ Нэхущ Заремэрэ я IэдакъэщIэкIхэр утыку къитхьауэ щытащ. Гуимыхуж хъуащ 2018 гъэм Акъ Мухьэрбэч и цIэр зезыхьэ Шэрджэс драмэ театрыр къызэрытхуеблэгъауэ щытари. Апхуэдэ зэIущIэ куэд едгъэкIуэкIащ, ди дэтхэнэ фестивалри, пшыхьри,

● Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэс

Адыгагъэр, цIыхугъэр, хабзэр и лъабжьэу



зэхыхьэри щызэхэтшэкIэ, Ставрополь къалэ мэриемрэ Лъэпкъ Iуэхухэмрэ казачествэмкIэ комитетымрэ зыкъытщIагъакъуэ.

- Лъэпкъыбзэр хъумэнымкIэ дыIэбэнщи, абы ехьэлIа лэжьыгъэфI евгъэкIуэкIащ. Абы нэхъ убгъуауэ утезгъэпсэлъыхьынут.

- «Лъэпкъыр псэунущ, и бзэр псэуху» - мы гупсысэрщ ди центрым и лэжьыгъэм лъабжьэ хуэхъур, къекIуалIэ псоми я деж нэтхьэсыну дызыхэтыр. Лъэпкъыбзэр куэдрэ щызэхыумых щIыналъэ ущыпсэун хуей щыхъукIэ, бзэр пхъумэныр хуабжьу гугъу мэхъу. Сабийхэм, къапщтэмэ, ар щызэхахыр анэшхуэадэшхуэхэр къащепсалъэкIэщ. Зэхэзымыхыхxи яхэтщ. 2017 гъэм Зэныбжьэгъугъэм и унэм къыщызэIутхауэ щытащ балигъыпIэм иувахэми ныбжьыщIэхэми папщIэ адыгэбзэмкIэ курсхэр. А Iуэху щхьэпэр тедгъэхуат Адыгэ тхыбзэм и махуэм - гъатхэпэм и 14-м. Япэ илъэсым абы бзэм щыхуеджащ цIыху 15. Абыхэм ящыщу 5-р сабийт. Курсхэр 2020 гъэ хъуху едгъэкIуэкIри, пандемиер къыщежьэм, зэхуэтщIыжын хуей хъуащ. Нобэ центрым и къалэн нэхъыщхьэр, къапщтэмэ, нэхъыбэрэ дызытепсэлъыхь Iуэхугъуэр адыгэбзэр егъэджынымкIэ курсхэр къызэIутхыжынырщ. Лъэпкъыбзэр хъумэным хуэгъэзауэ иджыри зы Iуэхуфiым дытолэжьыхь. 2019 гъэм гъатхэпэм и 14-м щегъэжьауэ илъэс къэс адыгэбзэмкIэ Iуэрытх дотх. А Iуэхугъуэр йокIуэкI ДАХ-м и нэIэ щIэту. Лъэпкъыбзэр хъумэным хуэгъэпсауэ адыгэ щIалэгъуалэм папщIэ зэхьэзэхуэхэр къызыдогъэпэщ. КъищынэмыщIауэ, 2025 гъэм и бжьыхьэм япэ дыдэ адыгэбзэмкIэ дебатхэр едгъэкIуэкIауэ щытащ. Мис иджы дыдэ сызыхэта, жэпуэгъуэм и 15 - 16-хэм Карачаевск къалэм щекIуэкIа, «Единство в многообразии: от Карачаево-Черкесии ко всей России» хэгъэгупсо форумым сыкъыщытеувыIащ Ставропольем щыпсэу адыгэхэм бзэр яхъумэнымкIэ, щIалэгъуалэм яIурылъынымкIэ зэфIэтх лэжьыгъэхэм. Щхьэихауэ дытепсэлъыхьащ лъэпкъыбзэхэр цифровизацэ щIыным къытхузэIуих лъэкIыныгъэщIэхэм.

- Лъэпкъыбзэм къыдэкIуэу, лъэпкъ щэнхабзэр, тхыдэр хъумэнми центрым хэлъхьэныгъэшхуэ хуещI. Дыщыгъуазэщ адыгэхэм ятеухуауэ документальнэ фильмищ зэрытефхам... Сыт хуэдэ ахэр?

- Пэжыр жыпIэнумэ, а Iуэхугъуэр ди центрым и гушхуапIэ нэхъыщхьэщ. ИлъэсиплIым къриубыдэу зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ, фильмищ тетхащ, абыхэм зэхэту цIыху минищэм щIигъу еплъащ... 2020 гъэм япэу тетхам и фIэщыгъэр «Вековые традиции моздокских кабардинцев». А фильмым щытопсэлъыхь ищхьэкIэ зи гугъу щысщIа жылагъуэм, лIэщIыгъуитIрэ ныкъуэрэ хъуауэ Тэрч Iуфэ и адрыщI лъэныкъуэмкIэ Iус адыгэхэм. Ар тезыхар АР-м щIыхь зиIэ и журналист ТIэш Светланэщ, дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъуащ Лъэпкъ Iуэхухэмрэ казачествэмкIэ край комитетыр. Документальнэ филь-мыр къыщагъэлъэгъуащ «Кавказ 24», «1 КъБР», «Архъыз 24», «Своё ТВ» телеканалхэм. Хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм папщIэ, тыркубзэкIэ псалъэхэр къытридзэу фильмыр дунейм къытедгъэхьащ. 2021 гъэм Мэздэгу щекIуэкIа хэгъэгупсо форумым а фильмым папщIэ ДАХ-м и ЩIыхь тхылъымрэ медалымрэ къыщытхуагъэфэщащ. ДэркIэ а гулъытэр къызэрымыкIуэу уасэншэщ.

ЕтIуанэ фильмыр «Мир искусства адыгов» цIэр зиIэу 2021 гъэм дунейм къытехьарщ. Ар зытеухуар адыгэ лъэпкъ цIыхубэ IэщIагъитхурщ - дыщэидэ, арджэн, шыкIэпшынэ щIын, гъущIым елэжьын, фащэ дын. IэпщIэлъапщIагъ зыбгъэдэлъ мастерхэу Сэралъп Мадинэ, Мэзло Руслан, Еутых Iэсият, ГъукIэ Замудин, Сет Сафиет сымэ тепсэлъыхьащ я IэщIагъэхэм. Фильмыр Мейкъуапэ къалэм утыку къыщитхьауэ щытащ 2021 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм. 2022 гъэм ар щагъэлъэгъуащ Москва къалэм, Адыгэ кином и тхьэмахуэм хиубыдэу. ИкIи абы щыгъуэм зэкъуэш республикэхэм къыщыдэкI адыгэ газетищым ди фильмым теухуа тхыгъэхэр къытрадзауэ щытащ.

Ещанэ фильмыр 2024 гъэм къыдэкIа, «Древняя культура адыгов» жыхуиIэращ. Ар Iыхьищу зэхэлъщ: «IуэрыIуатэ», «Макъамэ», «Къафэ». Жэрдэмыр сэ къыхэслъхьэри, сценарий итхащ, режиссер лэжьыгъэр игъэзэщIащ Чэнджэщауэ Артур. Фильмым къыщопсалъэ адыгэ лъэпкъым и хабзэхэм фIыуэ хэзыщIыкI цIыху щыпкъэхэу ХьэIупэ Джэбрэ Iил, ЛIыбзу Аслъэн, Ашэбокъуэ Азэмэт, Унэрокъуэ Раисэ, Ащхъуэт Беслъэн, нэгъуэщI цIыху цIэрыIуэхэри. 2024 гъэм и гъатхэм фильмыр щагъэлъэгъуащ «Архъыз 24», «1 КъБР», ОТР, «Своё ТВ» телеканалхэм.

Мыри къыхэзгъэщыну сыхуейщ. Ди центрым и жэрдэмкIэ трах фильмхэм нэмыщI, Ставрополь дэс адыгэхэм фильмыфIхэри къахудошэ. Апхуэдэу, 2018 гъэм и накъыгъэ мазэм «Россия - моя история» паркым щыдгъэлъэгъуащ «Бесленей - право на жизнь» документальнэ фильм телъыджэр. Абы еплъауэ хъуам я нэпсыр яхуэIыгъауэ щытакъым...

ИужькIи «Глубокие реки», «Невиновен» фильмхэм я режиссёрхэу Битокъу Владимиррэ ЕмкIуж Андзоррэ къедгъэблагъэри, зэIущIэ гъэщIэгъуэн едгъэкIуэкIауэ щытащ.

- Центрым къекIуалIэ щIалэгъуалэм фи хъыбарыр дауэ къащIэрэ, сыткIэ къыдэфхьэхрэ?

- Илъэс къэс Ставрополь къалэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм - Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ, Медицинэ, Аграрнэ университетхэм къыщIотIысхьэ КъШР-м, КъБР-м, АР-м къикIа щIалэгъуалэр. Абыхэм я дежкIэ япэ мазэхэр, псом хуэмыдэу, гугъущ. Ар къыхэтлъытэри, центрым къалэну зыхуэдгъэувыжащ - ныбжьыщIэр и закъуэ, Iэнкун дымыщIыну. Бжьыхьэ къэс япэ курсым къыщIэтIысхьа студентхэм я зэIущIэхэр зэхыдошэ, дэри закъыдогъэцIыху, нэхъыжь курсхэм щIэсхэр нэIуасэ яхудощI. Ди зэгухьэныгъэр дэIэпыкъуэгъу мэхъу студент лъэпкъ пщIантIэхэр къызэгъэпэщынымкIэ, псом хуэмыдэу, Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэм ехъулIэу. Адыгэ Республикэм и студентхэм я ассоциацэм дригъусэу фэеплъ пшыхьхэр, хэщхьэжхэр, зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызыдогъэпэщ. ЩIалэгъуалэр сыт нэхъыбэу дэзыхьэхыр жыпIэмэ, джэгу щызэхашэхэращ. Къапщтэмэ, адыгэ джэгу 2015 гъэм къыщыщIэдзауэ зэхыдошэ. Джэгур ар къыщызэдэфэ утыку къудейкъым. КъэфапIэ утыкум щIалэгъуалэм Iэмал имыIэу адыгэ хабзэр щызэрахьэ, зымыщIэхэм къыщащIэ.

ЩIалэгъуалэр къыдэзыхьэх Iуэху дахэу центрым езым и футбол джэгуакIуэ гуп иIэжщ, «Нарт» цIэр зэрихьэу. ИкIи 2025 - 2026 джэгугъуэ пIалъэм футбол цIыкIумкIэ Ставрополь и чемпионатым япэ увыпIэр къыщахьащ. Абыи хуабжьу дрогушхуэ.

- Юрэ, уи хэку цIыкIум - Къэрэшей-Шэрджэсым - къикIыу куэдрэ ныбжьыщIэхэр къыфхуоблагъэ. Ар хуабжьу Iуэху дахэщ.

- Ар пэжщ. ХабзэфI тхуэхъуауэ, КъШР-м щыщ ныбжьыщIэхэр къыдогъэблагъэ, догъэхьэщIэ, зэгухьэныгъэм зыщыдогъэплъыхь. Псалъэм папщIэ, 2019 гъэм и накъыгъэ мазэм Ставрополь къэкIуауэ щытащ Адыгэ-Хьэблэ щыщ еджакIуэхэр; абы иужькIэ, мэкъуауэгъуэ мазэм къытхуеблэгъахэщ си къуажэм - Али-Бэрдыкъуэ - къикIа, «Сэтэней» сабий къэфакIуэ ансамблым хэтхэр. НыбжьыщIэхэм ядгъэлъэгъуащ музейр, ТекIуэныгъэм и паркыр, зоопаркым тшащ. ТекIуэныгъэм и паркым ит жырышым и пащхьэ Али-Бэрдыкъуэ къикIа къэфакIуэ ныбжьыщIэхэм зэдежьууэ «Катюша» уэрэд цIэрыIуэр, къыщакIухьми, адыгэбзэ къабзэкIэ «Си нанэ дыщэ» уэрэдхэр жаIэрт. Абы иужькIи дгъэхьэщIащ ди лъахэгъу ныбжьыщIэхэр.

- Фыщыпсэу щIыпIэм исхэм задевгъэкIуу, лъэпкъ Iуэхум фытелажьэу фыкъызэрекIуэкIыр куэдым я дежкIэ щапхъэщ...

- Арыншэуи хъункъым. Илъэс къэс щэкIуэгъуэм и 4-м Ставрополь дэс адыгэхэр къалэм и утыку нэхъыщхьэм докIуалIэ, крайм и нэгъуэщI лъэпкъхэми хуэдэу, ди пщIантIэхэр догъэув, адыгэ фащэкIэ зэщыхуэпыкIа ди щIалэгъуалэм уэрэдхэр жаIэ, къофэ. ТIэунейрэ ди центрым адыгэхэм я щэнхабзэр щигъэлъэгъуащ Ставрополь щекIуэкIа «Студент гъатхэм». ЦIыхубэ IэщIагъэмкIэ IэпщIэлъапщIэ Мэшэжь Сасэ тщIыгъуу 2023 гъэм дыхэтащ ВДНХ-м щекIуэкIа «Урысей» форум-гъэлъэгъуэныгъэм, Ставрополь крайм дыкъыбгъэдэкIыу.

- Дыщыгъуазэщ псапащIэ Iуэхухэми фызэрыхэтым, гулъытэ къызэрыфхуащIым.

- Псапэ Iуэхур зэи IэщIыб тщIыркъым, къызыхэкIа лъэпкъ емылъытауэ, тхузэфIэкIкIэ хэти зыщIыдогъакъуэ. 2023 гъэм ди лъэпкъэгъу куэд щыпсэу Тыркум щIыр щыщыхъеям, ахъшэ зэхуэтхьэсауэ щытащ - сом 670000-м нэс.

Гуапэщ, пэжыр жыпIэнумэ, ди центрым и лэжьыгъэм гулъытэ къызэрыхуащIыр. АтIэ, мызэмытIэу край комитетхэми, Ставрополь администрацэми къытхуигъэфэщащ ФIыщIэ тхылъхэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ЩIыхь тхылъыр. КъищынэмыщIауэ, 2022 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэм къысхуигъэфэщащ «100-летие образования Республики Адыгея» юбилей нагъыщэ лъапIэр...

- Лъэпкъ Iуэхум упэрыува нэужь, ар игъащIэкIи пщэрылъ пхуохъу. ДяпэкIэ сытхэр фи мурад?

- Илъэс тIощIрэ зыр ар ныбжькъым. Пэжщ, Iуэху куэд къыдэхъулIащ. Ауэ, дяпэкIи дызэлэжьын ди мащIэкъым. Ди лэжьыгъэм лъабжьэ хуэхъур дэтхэнэ адыгэми къыгурыIуэ псалъищращ: адыгагъэ, цIыхугъэ, хабзэ. Апхуэдэ щытыкIэ уасэншэхэм цIыхур къызыхэкIа лъэпкъкIэ зэхидзыркъым. Арагъэнщ ди центрым къызэригъэпэщ махуэщIхэм урысхэри, къэрэшейхэри, абазэхэри, Кавказым щыпсэухэм я щэнхабзэр зыфIэхьэлэмэт дэтхэнэри къыщIекIуалIэр. Сыхуейщ нобэ къыддэлажьэхэм, къытхэтхэм фIыщIэ ин яхуэсщIыну. ДяпэкIи нэхъыбэж зэдгъэхъулIэфыну Тхьэм жиIэ.

Тхыгъэри сурэтхэри **ДАРИЙ Дахэнур** *ейщ.*





ТВ НЭТЫНХЭР

Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 16

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.00 «Большая игра» (16+)
15.15 Давай поженимся! (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «МОСГАЗ. ДЕЛО №12. ЮЖНЫЙ ПОРТ» (16+)
00.05 «Время героев» (16+)
01.05, 03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00, 18.00 «60 минут» (12+)
14.30, 02.20, 03.30 Т/с «РАЙСКИЙ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

НТВ

06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 «Сегодня»
06.25 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.25, 10.35 Т/с «ЛЕСНИК. СВОЯ ЗЕМЛЯ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи» (16+)
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ОГОНЬ» (16+)
22.10 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
00.40 «Ч.Т.Д.» с Маргаритой Симоньян (16+)
01.10 Т/с «БИМ» (16+)
05.30 «Инфощит» (16+)

ЗВЕЗДА

05.25 Х/ф «НЕБЕСНЫЙ ТИХОХОД» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15, 20.50 «Открытый эфир» (16+)
11.00 «Экономика войны». Д/с. «Наполеон. Бухгалтерия краха» (16+)
11.55 «Экономика войны». Д/с. «Крымская война. Как героизм проиграл экономике» (16+)
13.25, 15.05 Т/с «ОПЕРАЦИЯ «НЕМАН» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
17.15, 18.40 Т/с «ОПЕРАЦИЯ «НЕМАН» (16+)
18.00 Новости дня (16+)
19.50 «Специальный репортаж» (16+)
20.00 «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
22.35 «Между тем» с Н. Метлиной (12+)
23.05 «По горячим следам» (16+)
23.25 «Кузница эффективных кадров. Новая смена». Д/с (12+)
00.05 Т/с «ТАСС УПОЛНОМОЧЕН ЗАЯВИТЬ...» (16+)
02.30 Х/ф «ЗВЕЗДА» (16+)
04.00 Х/ф «БЕСПОКОЙНОЕ ХОЗЯЙСТВО» (16+)

МАТЧ!

06.00 «Команда мечты» (12+)
07.00, 09.30, 11.55, 14.50 Новости
07.05, 00.05 Все на Матч! Прямая трансляция
09.35 По домам (12+)
09.55 Смешанные единоборства. Р. Абильтаров - А. Г. де Кастро. ACA. Трансляция из Казани (16+)
11.25, 01.30 «Футбольная нация» (12+)
12.00 Есть тема! Прямая трансляция
13.25 География спорта (12+)
14.00 Дело № (16+)
14.30 «Специальный репортаж» (12+)
14.55 Громко. Прямая трансляция
15.45 Д/ф «Алексей Смертин. Бегущий человек» (12+)
17.10 Х/ф «СО ДНА ВЕРШИНЫ» (16+)
19.25 Хоккей. МХК «Спартак» - «Академия Михайлова» (Тула). Olimpbet. Чемпионат МХЛ. Прямая трансляция
22.00 Бильярд. BetBoom. Лига чемпионов. 1/2 финала. Прямая трансляция из Москвы
02.00 Волейбол. «Локомотив» (Новосибирск) - «Енисей» (Красноярск). Чемпионат России. Рольф. Суперлига. Мужчины (6+)
03.55 Новости (0+)
04.00 Дзюдо. Мировой тур. Гран-при. Трансляция из Хорватии (12+)

Гъубж, щэкIуэгъуэм и 17

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.00 «Большая игра» (16+)
15.15 Давай поженимся! (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
18.40 Футбол. Сборная России - сборная Венесуэлы. Прямой эфир из Краснодара
21.00 «Время»
22.00 Т/с «МОСГАЗ. ДЕЛО №12. ЮЖНЫЙ ПОРТ» (16+)
00.10, 03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00, 18.00 «60 минут» (12+)
14.30, 02.20, 03.30 Т/с «РАЙСКИЙ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

НТВ

06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 «Сегодня»
06.25 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.25, 10.35 Т/с «ЛЕСНИК. СВОЯ ЗЕМЛЯ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи» (16+)
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ОГОНЬ» (16+)
22.10 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
00.40 «Захар Прилепин. Уроки русского» (16+)
01.15 Т/с «БИМ» (16+)
05.35 «Инфощит» (16+)

ЗВЕЗДА

05.20 «Доброе утро»
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15, 20.50 «Открытый эфир» (16+)
11.00 «Экономика войны». Д/с. «Первая мировая. Война экономик» (16+)
11.55 «Экономика войны». Д/с. «Вторая мировая. Кто заработал на войне?» (16+)
12.50 «Специальный репортаж» (16+)
13.25 «По горячим следам» (16+)
14.00, 15.05 Т/с «СТО ДНЕЙ СВОБОДЫ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
16.35, 17.15, 18.40 Т/с «СТО ДНЕЙ СВОБОДЫ» (16+)
18.00 Новости дня (16+)
19.50 «Специальный репортаж» (16+)
20.00 «Улика из прошлого» (16+)
22.35 «Между тем» с Н. Метлиной (12+)
23.05 «По горячим следам» (16+)
23.25 «Кузница эффективных кадров. Новая смена». Д/с (12+)
00.05 Т/с «ТАСС УПОЛНОМОЧЕН ЗАЯВИТЬ...» (16+)
02.30 «Военное образование. С учетом боевого опыта». Д/с (16+)
03.20 Т/с «СТО ДНЕЙ СВОБОДЫ» (16+)

МАТЧ!

06.00 «Команда мечты» (12+)
07.00, 09.30, 11.55, 14.50 Новости
07.05, 14.55, 00.05 Все на Матч! Прямая трансляция
09.35, 14.30 «Специальный репортаж» (12+)
09.55 Смешанные единоборства. С. Ган - Дж. Хокит. UFC. Трансляция из США (16+)
11.25, 01.30 «Футбольная нация» (12+)
12.00 Есть тема! Прямая трансляция
13.25 Династия (12+)
14.00 Дело № (16+)
15.45 Д/ф «Месси» (12+)
17.00 Х/ф «НАЧАТЬ СНАЧАЛА» (16+)
19.20 Хоккей. «Ак Барс» (Казань) - «Динамо» (Москва). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
22.00 Бильярд. BetBoom. Лига чемпионов. 1/2 финала. Прямая трансляция из Москвы
02.00 Триатлон. Мировая серия. Женщины. Трансляция из ОАЭ (6+)
03.25 География спорта (12+)
03.55 Новости (0+)
04.00 Дзюдо. Мировой тур. Гран-при. Трансляция из Хорватии (12+)

Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 18

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.00 «Большая игра» (16+)
15.15 Давай поженимся! (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «МОСГАЗ. ДЕЛО №12. ЮЖНЫЙ ПОРТ» (16+)
00.00 «Шоу Вована и Лексуса» (16+)
01.00, 03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00, 18.00 «60 минут» (12+)
14.30, 02.20, 03.30 Т/с «РАЙСКИЙ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

НТВ

06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 «Сегодня»
06.25 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.25, 10.35 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ПОЛЯРНЫЙ КОНВОЙ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи» (16+)
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ОГОНЬ» (16+)
22.10 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ»

АДЫГЭ ПСАЛЬЭ

Махуэку, щэкIуэгъуэм и 19

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.00 «Большая игра» (16+)
15.15 Давай поженимся! (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «МОСГАЗ. ДЕЛО №12. ЮЖНЫЙ ПОРТ» (16+)
00.10, 03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00, 18.00 «60 минут» (12+)
14.30, 02.20, 03.30 Т/с «РАЙСКИЙ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

НТВ

06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 «Сегодня»
06.25 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.25, 10.35 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ПОЛЯРНЫЙ КОНВОЙ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи» (16+)
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ОГОНЬ» (16+)
22.10 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
00.40 Д/ф «Патриарх. Жизнь и служение» (12+)
01.40 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
03.15 Х/ф «ЧУЖОЕ» (18+)

ЗВЕЗДА

05.05 «Война в Корее». Докудрама (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15, 20.50 «Открытый эфир» (16+)
11.00 «Экономика войны». Д/с. «СВО. снаряды против санкций» (16+)
11.55 «Экономика войны». Д/с. «Эпическая ярость». Кто заплатит за авантюру?» (16+)
12.45, 13.25 Х/ф «СЛУЧАЙ В КВАДРАТЕ 36-80» (16+)
14.40, 15.05 Х/ф «НЕСЛУЖЕБНОЕ ЗАДАНИЕ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
17.15, 18.40 Х/ф «ВЗРЫВ НА РАССВЕТЕ» (16+)
18.00 Новости дня (16+)
19.50 «Специальный репортаж» (16+)
20.00 «Код доступа» (12+)
22.35 «Между тем» с Н. Метлиной (12+)
23.05 «По горячим следам» (16+)
23.25 «Кузница эффективных кадров. Новая смена». Д/с (12+)
00.05 Т/с «ТАСС УПОЛНОМОЧЕН ЗАЯВИТЬ...» (16+)
02.35 Х/ф «ГОРОД ЗЕРО» (16+)
04.15 Х/ф «ВНИМАНИЕ! ВСЕМ ПОСТАМ...» (16+)

МАТЧ!

06.00 «Команда мечты» (12+)
07.00, 09.30, 11.55, 14.50 Новости
07.05, 14.55, 18.50, 22.00 Все на Матч! Прямая трансляция
09.35, 14.30 «Специальный репортаж» (12+)
09.55 Смешанные единоборства. One FC. Трансляция из Таиланда (16+)
11.25, 01.30 «Футбольная нация» (12+)
12.00 Есть тема! Прямая трансляция
13.25 «Формула-1. Гаснут огни» (12+)
14.00 Дело № (16+)
15.45 Д/ф «Вячеслав Платонов. Тренер победы» (12+)
16.55 Футзал. «Синара» (Екатеринбург) - «Новая генерация» (Сыктывкар). Бетсити. Суперлига. Прямая трансляция
19.20 Хоккей. «Ак Барс» (Казань) - «Спартак» (Москва). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
22.50 Профессиональный бокс. Э. Холифилд - М. Тайсон. Р. Боу - А. Голота. Забытая классика (16+)
02.00 Волейбол. «Локомотив» (Калининградская область) - «Динамо» (Москва). Чемпионат России. Суперлига. Женщины (6+)
03.55 Новости (0+)
04.00 Баскетбол. «Уралмаш» (Екатеринбург) - «Локомотив-Кубань» (Краснодар). Единая лига ВТБ (6+)

Мэрем, щэкIуэгъуэм и 20

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00 «Большая игра» (16+)
15.15 Давай поженимся! (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
18.40 Д/ф «Наше крещение. Предстоятель». К 80-летию Патриарха Кирилла (12+)
21.00 «Время»
21.45 «Голос. Дети». Новый сезон (0+)
23.25 «Наша новая музыка». Новый сезон (12+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00, 18.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «РАЙСКИЙ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 «Ну-ка, все вместе!» (12+)
23.55 «Истории Большой Страны» (12+)
00.55 Х/ф «РОДНОЕ СЕРДЦЕ» (16+)

НТВ

06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00 «Сегодня»
06.25 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.25 Д/с «Мои университеты. Будущее за настоящим» (6+)
09.25 «Человек в праве» с Андреем Куницыным (16+)
10.35 «Первая передача» (16+)
11.10 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ПОЛЯРНЫЙ КОНВОЙ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи» (16+)
16.50 «ДНК» (16+)
17.55 «Жди меня» (16+)
20.00 Т/с «ОГОНЬ» (16+)
22.10 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
00.20 «Своя правда» с Романом Бабаяном (16+)
02.10 «Квартирный вопрос» (0+)
03.05 Х/ф «ТАКАЯ ПОРОДА» (18+)

ЗВЕЗДА

05.35 Х/ф «СЛУЧАЙ В КВАДРАТЕ 36-80» (16+)
07.10 «Война миров». Д/с. «Невыученные уроки Нюрнберга» (16+)
08.10, 09.25 «Охотники за нацистами». Д/с (16+)
09.00, 13.00, 17.00, 18.00 Новости дня (16+)
13.20 «Трибунал» (16+)
13.45, 15.05 «Охотники за нацистами». Д/с (16+)
15.00 Военные новости (16+)
16.40, 17.15, 18.40 Т/с «МАМКИНА ЗВЕЗДОЧКА» (16+)
22.00 «Здравствуйте, товарищи!» (16+)
23.30 Т/с «ТАСС УПОЛНОМОЧЕН ЗАЯВИТЬ...» (16+)
01.50 Х/ф «КОРТИК» (16+)
03.15 Х/ф «СВИНАРКА И ПАСТУХ» (16+)
04.40 «Военное образование. С учетом боевого опыта». Д/с (16+)

МАТЧ!

06.00 «Лучшие из лучших» (12+)
07.00, 09.30, 11.55, 14.50 Новости
07.05, 14.55, 21.20 Все на Матч! Прямая трансляция
09.35 «Небесная грация» (6+)
09.55 Смешанные единоборства. И. Прохазка - А. Перейра. UFC. Трансляция из США (16+)
11.25 «Футбольная нация» (12+)
12.00 Есть тема! Прямая трансляция
13.25 Чемпионы на все времена (12+)
14.00 Дело № (16+)
14.30 По домам (12+)
15.45 Д/ф «Шумахер и Шумахер» (12+)
16.30 Смешанные единоборства. One FC. Прямая трансляция из Таиланда
19.25 Футзал. КПРФ (Москва) - «Тюмень». Бетсити. Суперлига. Прямая трансляция
22.50 Футбол. «Атлетик» - «Эспаньол». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
01.00 Евротур (12+)
02.00 Волейбол. «Динамо-Урал» (Уфа) - «Оренбуржье» (Оренбург). Чемпионат России. Рольф. Суперлига. Мужчины (6+)
03.55 Новости (0+)
04.00 Бокс. Bare Knuckle FC. Прямая трансляция из США

Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 21

1

06.00 Телеканал «Доброе утро. Суббота»
09.00 «Умницы и умники» (12+)
09.45 «Слово пастыря» (0+)
10.00, 12.00 Новости
10.15 Д/ф «Владимир Маяковский. Третий лишний» (12+)
11.10 «Вспомнить все» (12+)
12.15 Поехали! (12+)
13.10 Спецпроект. «30 лет вместе». «Телевидение изнутри». К Всемирному дню телевидения (16+)
15.50 Т/с «ФОРМУЛА ПРЕСТУПЛЕНИЯ» (16+)
18.00 Вечерние новости
18.20 «Сегодня вечером» (16+)
21.00 «Время»
21.35 КВН. Высшая лига (16+)
23.55 Х/ф «ЧТО СЛУЧИЛОСЬ ОСЕНЬЮ» (18+)
01.45 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России. Суббота
08.00 Местное время. Суббота
08.35 «По секрету всему свету»
09.00 «Формула еды» (12+)
09.25 «Пятеро на одного»
10.10 Сто к одному
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30 «Наши. Воинкоры» (12+)
12.00 «Доктор Мясников» (12+)
13.00 Большие перемены
14.30 Вести. Местное время
14.50 «Аншлаг и Компания» (16+)
17.50 «Привет, Андрей!» (12+)
20.50 Вести. Местное время
21.00 Х/ф «ИСПЫТАНИЕ СЧАСТЬЕМ» (16+)
00.45 Х/ф «ЛЮБИТЬ ВРАГА» (16+)
04.15 Х/ф «ОТЕЛЬ ДЛЯ ЗОЛУШКИ» (16+)

НТВ

06.00 «Жди меня» (16+)
06.55 «Первая передача» (16+)
07.25 «Смотр» (16+)
08.00, 10.00, 16.00 «Сегодня»
08.20 «Поедем, поедим!» (16+)
09.20 «Едим дома»
10.20 «Главная дорога» (16+)
11.00 «Живая еда» с Сергеем Малоземовым» (12+)
12.00 «Квартирный вопрос» (0+)
13.00 «Сатья» (16+)
14.00 «Ты в деле» (16+)
15.00 «Своя игра» (0+)
16.20 ЧП. Расследование (16+)
17.00 «Следствие вели...» (16+)
18.00, 05.10 Д/с «Криминальная Россия. Самые громкие преступления» (16+)
19.00 «Центральное телевидение» с Вадимом Такменевым
20.20 «Ты не поверишь!» (16+)
21.20 «ВИА «Суперстар!» (16+)
01.20 Квартирник НТВ у Маргулиса (16+)
02.30 «Дачный ответ» (0+)
03.25 Х/ф «ЖЕСТОКАЯ ЛЮБОВЬ» (18+)

ЗВЕЗДА

05.20 Х/ф «УСАТЫЙ НЯНЬ» (16+)
06.40 Х/ф «АЛЕКСАНДР НЕВСКИЙ» (16+)
09.00, 13.00, 18.00 Новости дня (16+)
09.15 «СССР. Знак качества» с Иваном Охлобыстиным». «Шторки, чертики, решетка... Автотюнинг по-советски» (12+)
10.00 «Не факт!» (12+)
10.30 «Москва фронту». Д/с (16+)
11.00 «Тайны военной разведки». Д/с (16+)
11.55, 13.20, 18.25 Т/с «ЩИТ И МЕЧ» (12+)
20.00 Х/ф «БЕЗ ПРАВА НА ОШИБКУ» (16+)
22.00 «Фетисов». Ток-шоу (12+)
22.50 Х/ф «НОЧНОЙ ПАТРУЛЬ» (16+)
00.55 Х/ф «АЛЕКСАНДР НЕВСКИЙ» (16+)
02.40 Х/ф «СВЕТЛЫЙ ПУТЬ» (16+)

МАТЧ!

06.00 Бокс. Bare Knuckle FC. Прямая трансляция из США
08.00, 09.05, 12.35, 15.30, 00.00 Все на Матч! Прямая трансляция
08.20 Автоспорт. TCR World Tour. Прямая трансляция из Китая
09.30, 12.30 Новости
09.35 Д/ф «Алексей Смертин. Бегущий человек» (12+)
11.00 Профессиональный бокс. К. Цзю - Б. Таки. Бой за титул абсолютного чемпиона мира. Трансляция из США (16+)
13.25 Футбол. «Нижний Новгород» - «Торпедо» (Москва). Лига Пари. Прямая трансляция
5.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
5.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
5.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
6.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
6.44 - 7.00 «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
«ХъыбарыщIэхэр».
Тхъэмахуэм къэхъуахэр:
10.00, 14.00 «ХъыбарыщIэхэр».
Тхъэмахуэм къэхъуахэр:
8.00, 15.00 «ХъыбарыщIэхэр».
Тхъэмахуэм къэхъуахэр:
12.00, 17.00
7.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.40 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
8.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.45 - «Акъылманла сёзлери». (16+)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.35 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
9.45 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
10.10 - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
10.40 - «Еджэ - едаIуэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
11.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
12.10 - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
13.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.35 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
14.10 - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
14.40 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
15.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
15.40 - «Акъылманла сёзлери» (12+)
16.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
17.40 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
17.50 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
18.00 - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
19.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
21.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
22.00 - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.30 - 24.00 «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

«Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 16

7.08, 7.36, 8.08, 8.36 ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
9.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.45 ХьэтIохъущыкъуей жыг хадэм и тхыдэ (12+)
11.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.00 «Мыхьэнэ зиIэм гулъытэ хуэщIын» (12+)
17.30 БэнэкIэ хуитымкIэ чемпион хъуа Шэрий Иналбэч допсалъэ (12+)
21.10 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Гъубж, щэкIуэгъуэм и 17

7.06, 7.36, 8.06, 8.36 ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
9.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.45 «ЕгъэджакIуэм и псалъэ» (12+)
11.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.00 «ПсапащIэ Iуэху» (6+)
17.30 «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». КъБР-м и цIыхубэ артист Думэн Мурадин теухуауэ (12+)
21.10 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 18

7.06, 7.36, 8.06, 8.36 ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
9.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.45 Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым ирихьэлIэу. Лашынкъей къуажэ (12+)
11.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.00 «Лъэхъэнэм и цIыхуищэ». Мэлбахъуэ Тимборэ (12+)
21.10 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Махуэку, щэкIуэгъуэм и 19

7.06, 7.36, 8.06, 8.36 ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
9.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.45 «ЦIыху». Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Аппаев А. (12+)
11.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.00 «УпщIэ нагъыщэ» (12+)
17.30 «ЕгъэджакIуэм и псалъэ» (12+)
21.10 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Мэрем, щэкIуэгъуэм и 20

7.06, 7.36, 8.06, 8.36 ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
9.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.45 «Адыгэхэр - Урысеймрэ дунеймрэ...» (12+)
11.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.00 «КъэкIуэну зэманым и лIыкIуэхэр - Налшык». Форум (12+)
21.10 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 21

8.00 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
8.20 «Телевиденэм и махуэ» (12+)
14.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
20.50 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Тхъэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 22

8.00 ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр (12+)
8.20 Сэралъп Мадинэ теухуауэ (12+)
14.30 ЩIыпIэ зэман. «Тхъэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (12+)

«Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 16

15.00 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхъэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (12+)
17.30 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.45 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
20.00 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Гъубж, щэкIуэгъуэм и 17

17.30 Щ

ХьэщІэщ хъыбархэм я лъахэм

Адыгэхэм игъащІэми жыІэгъуэ гъэщІэгъуэн куэд къадогъуэгурыкІуэ, псалъэ зэгъэпэщам пщІэ зэрыхуащІыр, ар лъагэу зэраІэтыр къыхэщу. Абы и щапхъэ дахэу къэпхьыну ирикъунщ мыхэр: «и псалъэр гущІэлъапсэм нос», «псалъэм и тхыр къигъэуващ», «и псалъэ нигъэсатэкъым, Хьэтрамтыку щызэхахам», «Мэздэгу къыщапсэлъ, Псыхуабэ щытопсэлъыхь», «хьэщІэщыр къигъэпсэлъащ», «хьэщІэм и псалъэщ, жаІэри, шууищэ къэшэсащ», «хьэщІэщым щапсыхьа псалъэ», «Щоджэн и къуэм и псалъэ нэхъей», нэгъуэщІхэри. Тхыдэ лъабжьэ зиІэ мы жыІэгъуэхэм нахуэ дыдэу къагъэлъагъуэ купщІэ зиІэ псалъэм цІыхубэр къызэщІаІэтэу зэрыщытар. КъызэкІэлъыдгъэкІуахэм ящыщу нэхъ гъэщІэгъуэн къытщохъу «хьэщІэщым щапсыхьа псалъэ» жыІэгъуэр. Абы теухуауэ зы гъэсэпэтхыдэ кІэщІ мыбдеж къыщытхьыныр тфІэигъуэт, адыгэхэм пщІэ зыхуащІу щыта псалъэр зэрапсыхьым, зэрызэрагъэпэщым теухуауэ.

ЩОДЖЭН Сэфаркіэ еджэу лІы цІэрыІуэ гуэр Бэдыдж тІуащІэм, иджырей ХьэтІохъущыкъуей жылэм ипщэІуэкІэ, щыпсэуащ. Іэджэ хъыбари трамыжыІыкІаи Щоджэн и къуэм. Мы гъэсэпэтхыдэри абыхэм ящыщ зыщ. Сэфар и хьэщІэщыр, зэраІуэтэжымкІэ, цІыху кІуапІэт, абы къекІуэлІауэ, гукъинэж щыхъун псалъэ екІу зэхэзымыхаи къыщІэкІыжыртэкъым, жаІэ. Зэгуэрым Щоджэнхэ зы щІалэщІэ къахуепсыхащ. ХьэщІэм жьы-щІэ иІэкъым, жаІэ. ХьэщІэщым ирашэщ, зрагъэтхьэщІри, адыгэ Іэнэр къыхуагъэуващ. Бысымыр дэсу ирихьэлІати, щІалэм къыбгъэдэтІысхьащ. Зы псалъэм псалъитІ къыкІэлъыкІуэрэ, щІалэщІэр къызэрыкІыпащ. ЩІыпІэ жыжьэхэм щІэх-щІэхыурэ зэрыкІуэмрэ лІыгъэщІапІэ куэд зэрихуэмрэ я хъыбарыр ишэщІым зыщытхъужурэ, кІыхьу псэлъащ. И жыІэм къыдэкІуэуи, щІыпІэ жыжьэхэм ха-кІуэ бэлыхь къыхурихуу и хьэщІэщым къыхурихулІэну мо игъащІэм имылъэгъуа лІыжьым тхьэлъанэ хуищІынуи хунэсащ.

ЩІалэм жиІэнур зэпыуху, Сэфар зы псалъи пимыдзыжу едэІуащ. Щызэпыум, Щоджэн и къуэм щІалэм зыхуигъазэри жриІащ, зэІэбэкІыу блыным пылъ сэшхуэр къыфІихыу къыхуишиину. Ныбжь хъарзынэ зэриІэр къапщІэу, мо Іэщэ зэкІужыр щилъагъум, сэшхуэр сэшхуалъэм кърихащ - жырым фІыцІагъэ трихьат, зэгуэр цІууэ зэрыщытар кърипщІэну дыжьыныфэ мащІэри къэлъагъуэрт, ауэ, узэрелуэсэу, сэшхуэдзэм зуун щІидзэрт.

- ПщІэрэ, си щІалэ, си адэжьхэм мы сэшхуэм пащІын зэрыщымыІар? - щэху дыдэу къригъэжьащ лІыжьым. - КІыщ мафІэм емысар ипхъуэтэн хьэзырщ, ауэ гъукІэр Іэзэмэ, ар къегъэІурыщІэ. Апхуэдэ мафІэм тхьэмахуэ бжыгъэкІэ гъукІэм щиІыгъащ мы жырыр, къигъэдаІуэу. Абы къыпэриха нэужь, псы щІыІэ мылым хилъхьэм, къыхихыжым, уадэкІэ иуззэхуурэ мы плъагъу сэшхуэр къыхищІыкІащ. Аращ «жырыр ипсыхьащ» жыхуаІэр. ХьэщІэщри, си щІалэ, кІыщым хуэдэщ. Пэжщ, мыбдеж гъущІыр щапсыхьыркъым, ауэ цІыхупсэр зэрыщапсыхьым пцІы хэлъкъым. Мы хьэщІэщым къыщІыхьэм къилъыхъуэр нэхъыжьхэм я Іущыгъэрщ, Адыгэ Хабзэм хэлъ гуащІэрщ. Зыщумыгъэгъупщэ, си щІалэ, уэрамым щыжыпІэр жьыбгъэм ехьыж, ауэ хьэщІэщым къыщупсэлъыр мы сэшхуэм хуэдэу псыхьауэ щытын хуейщ. Псалъэ купщІэншэ гъэІунри Іэ пцІанэкІэ мафІэм пэрыІэбэнри зэхуэдэщ. Зи тхыр къэмыува псалъэм емыкІу къыпхуихьынущ.

ХьэщІэ щІалэр сэшхуэм еплъщ, итІанэ мо псалъэ Іущхэр къыжезыІа лІыжьым и нэгум иплъэжри, зэуэ къыгурыІущ емыкІу зэрыІэщІэщІар: псалъэр бутІыпщамэ, къызэрумыгъэгъэзжыфынур, абы емыкІу къыхуихьынкІэ зэрыхъунур гуащІэу зыхищІащ. Ар зы Іущыгъэти, псэуху щІалэм щыгъупщакъым, Іэмал зэриІэкІэ игъэщабэу къепсэлъа тхьэмадэми фІыщІэ хуищІу дунейм тетащ.

ХьэщІэщым гъэсэныгъэ гуащІэу иІар зыхуэдизыр къыхэщ къудейкъым мы гъэсэпэтхыдэм, абдеж щыІу икІи къыщІэІукІ псалъэм Іулыдж иІэн зэрыхуейр цІыхум зыхрагъащІэу зэрыщытари къегъэлъагъуэ. ЛІыфІ и хьэщІэщ мэхабзащІэ, жаІэ. ХьэщІэщым къыщІэІукІ псалъэр щІэхыу зэрызэбгрыкІынур ар зейм ищІэрти, абдеж щызэрахьэ хабзэр лъагэу зыІэтыни, къыхалъхьа псалъэм и кІапэр имыутІыпщу дахэу зыІыгъыни, хьэщІэм екІуу бгъэдэсынухэри къыщІригъэблагъэр арат. Адыгэ дунейм щызэІэпах хъыбархэм щымыгъуазэ хьэщІэщ жьантІэм къыщагъэтІысынкІэ Іэмал иІэтэкъым, апхуэдэ къэхъу хъужыкъуэми, ар зэзыгъэзэхуэжын щІалэ жан нэхъыжьым къыбгъэдагъэувэрт. ХьэщІэщ хабзэм хэлъа тклиягъым и фІыгъэкІэ, адыгэщІым и къуапитІым - Къэбэрдей тІуащІэм щегъэжьауэ хы Іуфэм щыпсэу адыгэхэм я деж щыщІэкІыжу - щызекІуэ хъыбархэр зэщхьэщыкІыныгъэ мащІэу фІэкІа ямыІэу зэтехуэрт. Арыххэуи, хьэщІэщыр гъуэгурыкІуэр щепсыхыу жэщ щрих хъун щІыпІэм къыщымыувыІэу, цІыхум цІыху къыщыхащІыкІ, лъэпкъыр зы пкъыу щызэрагъэубыд, хабзэр щаІущІ, псалъэр щапсыхь кІыщ хъурт. Апхуэдизыр зы цІыху и хьэщІэщ къещІэкІамэ, къуажэ псом я хьэщІэщым сыт хуэдэ фІэлІыкІ-тІэ иІэр?!

Мыпхуэдиз гупсысэр къызыпкърыкІар иджыблагъэ дунейм къытехьа, «Гъуэбэкъуей къэІуэтэжакІуэхэм я хьэщІэщ хъыбархэр» фІэщыгъэр зыгъуэта Іуэрыіуатэ зэужь гъэщІэгъуэнырщ. Гъуэбэкъуей къуажэр Бжьэдыгъу щІыналъэм и щыхьэрхэм язычэзщ, хабзэжь щызэрахьэ адыгэ жылэжьщ. Илъэс зэхуэмыдэхэм къуажэм щатхыжу тхылъым зэуІу щащІа Іуэрыіуатэхэр лъэпкъ щІэныгъэм и псыпэхэш зэрыхъунум, абдеж щрагъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэр лъэныкъуэ куэдкІэ къызэрызэригъэкІынум шэч хэлъкъым. КІэрашэ Тембот и цІэр зэрихьэу Адыгэ Республикэм гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и нэІэ щІэту дунейм къытехьа зэужьым къызэщІикъуа текстхэр и архив гъэтІылъыгъэхэм къызэрыхахыжар, макъытхым трырагъэша Іуэрыіуатэхэр зэрытратхыкІыжар, нобэкІэ гъуэтыгъуей хъуа къыдэкІыгъэхэм зэгуэр къытехуахэр къызэрырахыжар къызэрымыкІуэу лэжьыгъэшхуэщ. Зы къуажэм епхауэ щыІэ Іуэрыіуатэхэр апхуэдэу къэлъыхъуэжауэ зэхуэдзысыныр иджыри къыздэсым адыгэ щІэныгъэм къыщымыхъуауэ зы гукъэкІщи, ар умыгъэщІэгъуэни умылъытэни плъэкІыркъым.



Тхылъыр зэхэзыльхьари, пэублэ псалъэ хуэзыщІари, псалъэ гурыІуэгъуейхэм я мыхьэнэхэр зыгъэнэхуари, тедзэным хуэзыгъэхьэзырари филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор Биданокъуэ Мэрзиятщ. Дунейм къытехьа тхылъыр гукъэкІ щІыныр къызыхихам щытепсэлъыхькІэ, Биданокъуэм къыхегъэщ апхуэдэ гукъэкІыр гъуэбэкъуейдэсхэм я лъэІум къызэрыщежьар, къуажэм и тхыдэм къыщекІуэкІахэр зрагъэщІэну гукъыдэж зэраІам къызэрыхэкІар. Шэч хэлъкъым ныбжьышхуэ зиІэ къуажэм и тхыдэр къэтІэщІыжыным акъыл зэхэдзэрэ гуащІэ зэрыІыгърэ зэрыхуэныкъуэнум. Ауэ щІэныгъэ зэфІэкІ зиІэ бзылъхугъэр хущІэкъуащ и Іэр къызыпекІуэкІ лэжьыгъэ дахэкІэ а лъэІум и зы ныбз къиІэтыну. Ар нэрылъагъу къыпщещІ езы тхылъым: къыдэкІыгъуэр фафІэщ, напэкІуэцІ 516-рэ мэхъу, жанр зэмылІэужьыгъуэхэм ящыщу тексти 130-м нэблагъэ къызэщІеубыдэ.

Тхылъыр зыІэрыхьэнухэр ирихьэлІэнущ дауэдапщэ Іуэрыіуатэхэм (хъуэхъухэм, нысэебжхэм, нысашэ уэрэдхэм) щегъэжьауэ хьэщІэщхэм зэпымычу щызэІэпахыу щытыгъа хъыбарыжьхэм, нарт тхыдэжьхэм, гъыбзэхэм щыщІэкІыжу цІыху 37-м я деж щатхыжа Іуэрыіуатэ текст зэмылІэужьыгъуэхэм. КъищынэмыщІауэ, ахэр хуэзэнущ совет лъэхъэнэм екІуэкІа Іуэхугъуэ щхьэхуэхэм ехьэлІа щытхъуфэхэм, усэрыбжэхэм, уэрэдхэм.

Дэтхэнэми лъэхъэнэхэм я хуэмэбжьымэ трихьащ, тхыдэм и нэпкъыжьи ятелъщ. Ауэ, гъэщІэгъуэнращи, тхылъым ихуа текстхэм хэплъэну адыгэ цІыхур, зы лъэныкъуэкІэ укъыбгъэдыхьэмэ, абыхэм щыгъуазэу жиІэнущ. Ар икІи пэжынущ. Ищхьэкіэ зэрыщыжытІащи, адыгэщІым щызекІуэ хъыбарым ущыгъуэзэныр мащІэт, абы кІэрумыгъэхуныр, хэмыта хыумылъхьэныр арат Іуэхушхуэр. Арыххэуи, зэрыадыгэу зэлъащІыса Іуэрыіуатэхэм мыбдеж зэщхьу куэд къазэрыхэкІым гу лъумытэнкІэ Іэмал иІэкъым. Ауэ, нэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ укъыхэплъэмэ, цІыхуитІ я вагъуэ лъагъукІэ зэтехуэркъым, жаІэ, языныкъуэ хъыбархэм къаІуэтэжыр нэхъ шэщІа мыхъуауэ пІэрэ, жыуегъэІэ. Ар теухуащ, псалъэм и хьэтыркІэ, Бжьэдыгъум къыщежьауэ Къэбэрдейм къэса «Абрэдж Нухь и уэрэдым», «Чынал и къуэ Къэсейрэ Хьэту и къуэ Іушэмрэ я хъыбарым», «Нартышхуэрэ Сэтэнейрэ я тхыдэжьым». ЗэрытщІэщи, зэтрыжаІыкІ къыхыхьэныр, вариант зэмылІэужьыгъуэхэр къэунэхуныр Іуэрыіуатэм и хабзэщ.

Къэбэрдейм щагъэзащІэ «Абрэдж Нухь и уэрэдыр» едзыгъуитху-хы нэхърэ нэхъыбэ хъуркъым. Тхылъым ихуащ СтІащ Чэтиб къиІуэтэжа вариантыр, ар сатырплІырыплІурэ едзыгъуэ 50 мэхъу. Дауи, уэрэдыр щауса щІыпІэм ар зытеухуа Іуэхугъуэр нэхъыфІу щащІэжынущ. Дэркіэ мыбдеж щынэхъыщхьэ нэгъуэщІщ: къэхъугъэр зэрыадыгэ лъахэу зэдащІэ хъуащ, ауэ ар къыщежьа щІыпІэм Іуэхум щыщу мыхьэнэ зритхэр къыхинащ, нэгъуэщІ хэгъэгухэм ар нэса нэужь, щхьэж и гум къыдыхьэ сатырхэр къыщызэдащтащ. Ар дыдэр хужыпІэ хъунущ «Чынал и къуэ Къэсейрэ Хьэту и къуэ Іушэмрэ я хъыбарым» щхьэкІи. Мы хъыбарыр апхуэдизкІэ яфІэгунэст Щхьэщэхуж къуажэм дэсхэми, пщыхьэщхьиблкІэ хьэщІэ иритебгъэуну уасэ иІэкъым, жаІэу щытащ. Псори къызыхэкІыр хъыбарым зи гугъу ищІ пщы-уэркъ зэхэтыкІэм ехьэлІауэ гу зылъригъатэхэр я гум къипсэлъыкІыу цІыхухэм къызэралъытэрт. Арыххэуи, Іуэрыіуатэм и псэуныгъэр ар цІыхубэм къызэращтэм теухуауэ къыщІэкІащ. Хъыбарри абы и щыхьэт дахэщ.

НэгъуэщІу жыпІэмэ, жылэм къыщыхъуу хьэщІэщым къызыщытрагъэзэжа псалъэр псоми зэдай хъурт, ар зэрызэтемыкІынуми хуэсакъырт. Гъуэбэкъуейхэм я хьэщІэщым, укъыхуеплъэкІыжмэ, болъагъу: къуажэдэсхэм лъэпкъ псом зэдызэрахьэ Іуэрыіуатэхэр яхъумащ, я деж къыщежьа жьабзэ ишыгъуэхэми цІыхум и псэм лъэІэсын псалъэхэр халъхьэм, мыкІуэдыжын гуащІэкІэ яузэдурэ лъэпкъым хахьащ.

Тхылъым ихуа Іуэрыіуатэхэм я нэхъыбэр зытхыжар адыгэ щІэныгъэлІ-узэщІакІуэхэу Меркицкэ Рашид (текст 16), Бэрэтэрэ Исхьэкъ (текст 11), Іэщын Ахъмэт (текст 24-рэ), Щынахъуэ Аслъэнбий (тексти 10) сымэщ. Апхуэдэу тхылъым ущрихьэлІэнущ Цей Ибрэхьим, Хьэдэгъэлі Аскэр, Унэрокъуэ Рае, Аулъэ Сариет, ЛІыхасэ Беназик, нэгъуэщІхэми ятхыжахэми. Мы цІыху гуащІафІэхэм яхузэфІэкІащ Іуэрыіуатэхэр ятхыж къудейм къыщымынэу, къэІуэтэжакІуэм и бзэр, и зыхэщІэр яхъумэну. Текст пэбж я бзэмкІэ къыбощІэ ахэр зытхыжар е къэзыІуэтэжар. Бжьэдыгъу щІыналъэм и мызакъуэу, зэрыадыгэу къыщащІэ щІэныгъэлэжьхэм къагъэпсэлъа нэхъыжьыфІхэр. Абы ящыщщ Уджыхъухэ Нэщыкъуейрэ Алийрэ, Теувэж Дзыгъуэ, Къат Шэхьбан, СтІащ Хьисэрэ Чэтибрэ. Зи щІэж дахэм и фІыгъэкІэ къызэтенэу нобэм къэса Іуэрыіуатэхэр лъэпкъым и хъугъуэфІыгъуэщ.

Текстхэм щыгъуазэ защыхуэтщІым, гу лъыттащ ахэр иджырей адыгэ тхыбзэм гъунэгъу зэрыхуащІам. Гъуэбэкъуей къуажэр бжьэдыгъу жылэщ, нобэми зэрахьэу и псэлъэкІэ гъэщІэгъуэн иІэжу. Шэч хэлъкъым, щІыпІэбзэр текстхэм къыщызэтенатэмэ, щІэныгъэм дежкІэ щхьэпэ хъун Іуэхугъуэ щІагъуэ куэд къызэрырикІуэнум. Ауэ тхылъыр зэхэзыгъэувам къыхегъэщ ар адыгэхэм псоми яхуэгъэза, итыр зэлъащІыса хъун папщІэ, зэдащта тхыбзэм къегъэзэгъыныр игъуэу къызэрилъытар. Абыи пэж хэлъыщ.

«Гъуэбэкъуей къэІуэтэжакІуэхэм я хьэщІэщ хъыбархэр» тхылъым гъуэгутехьэ псалъэ хуэзыщІар, щІэныгъэ редактору иІар филологие щІэныгъэхэмкІэ кандидат Дыгъужь Гуащэсымщ. Абдеж абы тхылъыр зэхэзыгъэувам и гъащІэмрэ и щІэныгъэ гъуэгумрэ дыщегъэгъуазэ, икІи, ар къыхэгъэщын хуейщ, зи гуащІэдэкІкІэ щІэныгъэр зыгъэбжьыфІэ бзылъхугъэр щалъхуа къуажэм иІэ «щІэныгъэ гумэщІыгъуэм» къемыкІуэлІэнкІэ Іэмал иІакъым: Биданокъуэ Мэрзият къыщыхъуа, щапІа, япэ лъэбакъуэхэр щича жылэр гъащІэ псыпэ хуэхъуат, ар абы къекІуэлІэжын хуейти, игъащІэкІэ мыкІуэдыжу къэнэну лэжьыгъэ дахэкІэ псыщхьэм къигъэзэжащ.

Дунейм къытехьа Іуэрыіуатэ зэужьыр, шэч хэмылъу, щІэныгъэ дунейм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэщ. Лъэпкъ щэнхабзэр, дызэрыщыгъуазэщи, зытещІыхьар лІэужьхэм зэІэпахыурэ нобэ къэса псалъэращ. Зы къуажэм дэлъ Іуэрыіуатэхэр зы щІыжауэ тхылъу къыдэгъэкІыным а жылэм и дуней лъагъукІэр, и гупсысэкІэр, и зэхэщІыкІыр къэгъэлъэгъуэным епхащ. Нэхъыжьхэм я деж щатхыжа Іуэрыіуатэхэм иджырей цІыхум къыхузэІуихыр Адыгэ Хабзэм и дунейм и закъуэкъым, абыхэм зыхыуагъащІэ ди япэ итахэм яІа гугъапІэхэр, хъуэпсапІэхэр, гурыгъу-гурыщІэхэр. Къапщтэмэ, мы тхылъыр лІэужьхэм я лъэмыжщ, дэнэкІи укъыщытехьэми, укъызыщхьэщыхьэ псыежэхым и щхьэпэр къыплъигъэІэсу - ди щІэблэм лъэпкъ щІэжыр зэрахъумэн фІыгъуэхэр кърихэтхыу.

ТАБЫЩ Мурат,
«Адыгэ псалъэ» газетым и щІэныгъэ обозреватель.

Къэплъыхъуэр уиIэщ

Iуэтэж

Си пхъур и лIым бгъэдокIыж. Сэ зэкIэ къызжаIэркъым. Фэри фщIэуэ зыкъевмыгъащIэ. Малъхъэр сфIэщIалэ IейтэкъыМ сэ. Таджики, узбеки, хьэмэ тIури хузэхэт? Налшык щыщ ныбжьэгъу гуп иIэти, нысашэ гуэрым здашауэ, зэрыцIыхуахэщ. КIурацэ сабий садым зэрыкIуэрэ хамэбзэм тфIытехьагъэххэт. Мо щIалэ бжьыфIэм адыгэбзэ гуэрхэр къыщыхигъахуэм, имылъэпкъэгъуу гурыщхъуэ хуищIакъым. ЗэфIэкIа Iуэхущ. Сыт сэ си дежкIэ? Хэтуи щрет, пхъур насыпыфIэмэ, аракъэ? Ара, гущэт, ауэ зэхэсхыр пэжмэ, гур къэуфэрэнкIыу, мыIэрысэр къилъэлъынкIэ шынагъуэщ.

Сэ къызэупщIатэмэ, КIурацэ згъэпIэщIэнтэкъым. КъызэупщIахэщ икIи, умыдэу уеплъыжарэт, жыхуаIэу. Сабринэ уи анэу, куэдрэ ухэплъэфынутэкъым. «И пхъур дэкIуащ, езыри ухуеймэ, нобэ егъашэ», - къыхужамыIамэ, илIыкIынт. Узэрыригъэсынури езым зигъэщIэгъуэнкIэ зигъэнщIыхущ. Артисту щIемыджар сщIэркъым мы Локъанхэ я пхъур. ЦIыхухэм яхэгъуащэу, зэпIэзэрыту зы мазэ е ныкъуэ пхуэпсэунщи, хуэш къыхыхьам ещхьу, нэм зэрызыщIиIун гуэр къиулъэпхъэщын щIидзэнщ. Уэхьэхьей, ди унащхьэр тхъуэжащ! Уэхьэхьей, си къуэм диплом къратыжащ. Уэхьэхьей, сыкъэушри си напэ стхьэщIащ! ЦIыхухэр зэхуихусу, и хъуреягъкIэ Iэгу еуэу къримыгъэувэкIмэ, ишхар и дзажэм дыхьэркъым. Сэ абы сызэреджэр «зыгъэщIэгъуэн узщ». Мис абы и къэхъеигъуэхэм я зым зыхуейр иджыри къызыгурымыIуэж ди пхъум къыдэнэжауэ, зрилъэфыхьмэ, зыри къыщIэмыупщIэжыну и фIэщ ищIри, мо бзэмыIум жэрыжэкIэ ирыдигъэтащ. АпщIондэху сэ «КIурацэ жиIэр пщIэрэ» уэрэдыпкъым сыкъыдигъэушрэ сыщIигъэжеикIыжу. Здащ, «зыми къыкIэрыхуркъым» жысIакъым. Езы и анэм ипхъуми и жагъуэтэкъым нысашэ иращIэкIыну. Уи сурэтыр зэIэпахыу, зыкъипхыу, уи Iуэху фIэкIа зэрамыхуэу, илъэс псокIэ упсэуну Iей?

ЖызоIэри, щIалэ хъарзынэщ Данияр. КIуэ, мыр щыIэу сэ сыхэт жыпIэн хуэдизу, цIэрыIуэкъым, къызэрыгуэкIщ. Апхуэдэхэращ сэ сфIэфIыр. Уигу иримыхьын хуэдэкъым: мэлажьэ, мэшхэж, адэ-анэм зэдапIа цIыху еншэщ. Сабиитl къащIэхъуэху зым адрейр щыхуэшэчакIэ, къэнэжар нэхъ тыншыххэт. Сыжей и гугъэу, Сабринэ телефонкIэ ирикъутэкIхэм къахэзгурыIукIам фыкъедаIуэ. Фадафэкъым, щIыхуэлыкъым, къанэр сыт? Пэжщ, цIыхубз Iуэхущ. Зым Узбекистаным кIуэжри, и лъэпкъэгъу хъыджэбз къигъуэтыжащ, жи. Адрейм зэрыжиIэмкIэ, ар къызэрыхъурэ илъэс зыщыплI дэкIащ, ди пхъум къимыщIэххэу, иджы къыщIэща къудейщи, хуемыгъэхыу аращ.

Иджы нышэдибэ си деж къэпсэлъащ, сынэгъакIуэ, жиIэри. Зэрыщ1егъуэжар пэж хъунщ-тIэ, къысхуэзэну щыхуейкIэ. КIурацэ зытригъэхьэркъым. Ари пцIыщ. Зыдэну е зымыдэну хуитыр Сабринэ и закъуэщ, ди пхъум гупсысэн и хьэлкъым. И зы бын бжьизкIэ зыбгъэдигъэкIынтэкъым си ябгэжьым. Сабийхэр къыхурилъэфэкIыурэ щхьэгъэтынш ищIащи, КIураци зыри хуеижкъым, и сурэтхэр интернетым щызэблигъэжу, къыхуагъэува «гу цIыкIухэр» ибжын фIэкIа. ЩIалэр зэрытехьэулеикIар хуэбгъэгъу хъунукъым, зэанэзэпхъур зэреплъымкIэ. Уэлэхьи, къуаншэм! ЛIо, дызэхуэзэху тIэкIу «КIурацэ и унэр», «КIурацэ и машинэр», «КIурацэ и дахагъэр» жытIэну дыхуимыту арат? Езы цIыкIум ахэр и лIым ирихъуэныну игъащIэкIэ игу къэкIынукъым. ДыIуплъэху тIэкIу зэрыдгъэунам дытепсэлъыхьыну дыхуимыт нэхъей?

ГушыIэр гушыIэщ, ауэ, си гугъэмкIэ, лIы зэрыхъунур къытекIуауэ аращ Данияр. ДызэрепэгэкIыр щыхуемыгъэхакIэ, цIыху къыхэкIынущ. ЩIагъуэкъым, дауи, нэгъуэщI къигъуэтар пэжмэ. Ауэ псынщIэмрэ напэ зимыIэмрэ щIызэхуэбгъэдэн щыIэкъым. ПсынщIэм Iэщ1эщIар зэманым, ныбжьым, акъылым е бэлыхьым кIэрихыжынущ. Напэншэр напэншэу мэлIэж. Аращ сэ щIалэр фIыуэ уужьыгуу, и пIэ ибгъэувэж хъуну сыщIегупсысыр. ЦIыху мыхьэнэншэкъым, мымелыIычми, къекIужыну хуейуэ къежыхь.

Иджы цIыху цIыкIур зытекIуадэ фэтэр Iуэхум дытевгъэпсэлъыхь. Фэ фызэреплъыр сщIэркъым, ауэ унэ хьэзыр уимыIэмэ, нэхъыфIщ, псэун щыщIэбдзэкIэ. Мыхъуххэмэ, пщIэ нэхъ зыхуэщIыпхъэм ейуэ щрет. ЩIалэм е абы и адэ-анэм, псалъэм папщIэ. Мыхэр ди лъапсэм имысми, зыщIэсыр дэ къэтщэхуа фэтэрщ. Малъхъэнэгъур мыубзэу хъунукъым. ЦIыхухъу убзэр цIыхубзым дежкIэ гущыкIыгъуэщ. Уи насыпыжьыр кърихьэкIрэ, нысащIэр ахъшэ зэрамышхыр къызыгурыIуэ къуаргъ хужьхэм ящыщу къыщIэкIми, сомкIэ зыхудозыгъэчых лIыр къыпхуэмейуэ къыпфIощI. Армырми, анэ, адэ, шыпхъу, ныбжьэгъу е чэнджэщэгъу гуэр иIэу къыщIэкIынущ хъыджэбзым, щIалэм жиIэм зытригъахуэмэ, делафэ къытеуэу къыщигъэхъуу.

Сытми, малъхъэм сыпхуэзэну сыхуейщ щыжиIэм, Сабринэрэ Камилэрэ сэрыншэу щэхуакIуэ есхужьащ. Ахэр къэсыжыху, ди адыгэбзитIымрэ урысыбзитIымрэ зыгуэр къытхуащIэнщ.

Псори псощ, ауэ сэ сигу иримыхьри? Зэщхьэгъусэхэр щызэфIэнэ-щызэкIуж къохъу, ар гурыIуэгъуэщ. Ауэ тIум я зыр здеIапхъэмкIэ еIэмэ, гува-щIэхами, адрейри абы къытохуэж. Щхьэ фIэтмэ, дауи. Дэ аращ дызэрызэхэтыр. Сабринэ зыгуэрхэр къыСщибзыщIын щIедзэ, зэрызмыдэнур ищIэу, зыкъом зэхуетхъус, фIызэхозэрыхь, апщIондэху зрагъэцIыхуж, и гур хурауд, щыхупIэ нэзым носри, зыкъыСхуеумыс. Иджыпстуи къэхъур апхуэдэ гуэрщ. Зэхэзэрыхьыпэмэ, икIи узригъэшхыдэнущ, зэрыщIегъуэжари нэпсу къыптригъэлъэлъэнущ, къыщыпша махуэм ещхьу и напIэр иригъэхуэхынурэ, укъыдэщIэрэщIэжынущ. АпщIондэху умыщIафэ птету, нэхъ Iейм уэр-уэру щыпхъумэну аращ.

КIурацэрэ малъхъэмрэ апхуэдэкъым. Мы тIур тхылъ еджэхэми, спортым итхьэкъуахэми, дин зезыхьэми, гуп узыншэ хыхьэу, лэжьыгъэ гугъум цIыху ищIхэми ящыщкъым. ФIымкIэ узыхь жьы къепщэху, а лъэныкъуэмкIэ жэнущ, ауэ борэным ещхь гуэр къыкъуэумэ, - уапыкIауэ бжы. Иджыри зы хьэл мыгъуэ дегъуэ малъхъэм Сабринэ: мелуан и жыпым илъмэ, япэу «къызэт» къыжезыIэм «хьэуэ, сэ езым сыхуейщ» жриIэфынукъым. Мы цIыхубз Iуэхуми къыщыхъур ара си гугъэщ. Зи щхьэ пщIэ хуэзымыщIыж хъыджэбзхэм я нэ къыфIонэ Данияр. Къыхуотхэ, яхуотхэж, си пхъум ар хуегъэхыркъым, гурыщхъуэм ехь.

КъэсакIэщ, мис, къыщIохьэ, инд киноМ къыхэкIа фIэкIа умыщIэу, къамылыфэрэ епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм зекIуа IэдэбыР хэлъу.

- Дауэ ущыт, ди адэ! - си Iэр еубыд, ба хуищIу, и натIэм иригъэIусэну.

- Хъунщ иджы! – къыIэщIызоч. - Дауэ укъэса? Зыгуэр уедзэкъэн?

- Тыншу сыкъэкIуащ. Хьэуэ, Iуэхукъым.

- Сыт-тIэ мыхъур? ЕтIысэх!

- Ди адэм сыкъигъэкIуащ, - и щхьэр ирегух, шэнтым зэрытетIысхьэу.

- Езыри щхьэ къыздумышарэ? ЛIо ящIэр? Прунжыр лъапIэ хъуауэ зэхэсхащ.

- Хъарзынэхэщ. Уезэгъынущ, мэлажьэхэ.

- Уи щыкъу анэр бэзэрым есхухащ, и ныбжьэгъур и гъусэу, - къыдришеину сыдоIэпыкъу. – Уи анэр мыдэкIэ щыIэ, хьэмэ кIуэжа?

- Налшык щыIэщ, - и щхьэр къеIэт.

- Дэнэ-тIэ уздынэсар? Унэм ущIагъэхьэжрэ, нэгъуэщI мыхъуми?

- Зыгуэр ищIэн щыхуейм деж, къызоджэ.

- Игу къыпщыкIыпакъым-тIэ. Сыт жысIэн, щIалэ? Хэт хуейр ипхъу къикIыжыну? Сабиитlым яшхыни, ирафыни, щатIэгъэни дгъуэтынт дэ, Алыхьыи игу къыдэмыбгъэмэ. Ауэ ди къуэм къызэришэу, фыфеитIым зеиншафэ къатеуэнущ, абы и бынхэм елъытауэ. Сэ ар схуэшэчынукъым. Аращ сыщIыуителъхьэр. Иджы си пхъум дэбгъуэр къызжеIэ.

- Зыри апхуэдэу...

- ЖыIэ!

- Сэри сыбегъымбаркъым…

- Умыбегъымбару хъунукъым, щIалэ, уи бынитIыр хамэлIым иплыну ухуэмеймэ. Езым къыбдигъуэр щысщIэкIэ, уэри зыгуэр къызжеIэ, сешхыдэфын хуэдэу.

- Хьэуэ, сэ...

Абдежым зым жиIэр адрейм зэхэдмыхыжу, гъунэгъу Iэнэм бгъэдэс цIыхубзитIым я макъыр яIэтащ. Гу къытлъатэххэртэкъым. Зэанэзэпхъуи, зэнысэзэгуащи, зэшыпхъуитIи, зэныбжьэгъуи? ЦIыхубзхэм ныбжь яIэж, сытми, псори ягъэпщарэ цIэлэжа защIэщ. Нэхъыщ1афэ зэсплъар нэхъыжь хуэдэм хуотхьэусыхэ:

- «УпщафIэркъым» жеIэри къысщохьэ, дауэ къыпщыхъурэ? Уа, сэ сыпщафIэмэ, пщэдей си Iэбжьанэхэр щIэрыщIэу езгъэлэжын хуей хъунущ, абы нэхърэ нэхъ мащIэщ шхын хьэзырым ихьынур, жызоIэ. «Хьэуэ, апхуэдэу унагъуэ дыхъунукъым». Делэ плъэгъуа? И ныбжьэгъум хуригъэхьа голосовойм седэIуауэ сызэгуоуд нышэдибэ лъандэрэ. «ЦIыхубз пхуэмыпщафIэр къыпхуейуэ уи фIэщ пщIыну гугъущ. «ПщIэ пхуэзмыщIыну сыхуитщ», - къызжиIэу къысфIощI. Сэри къысхуэлэжьынущ махуэ къэс кафем къыщIэднэн ахъшэ, ауэ сабийхэм я Iэр шияуэ зэрыдэтыр сфIэфIкъым», - жреIэ.

Даниярэ сэрэ зыкъэтщIэжри, дызэплъыжащ.

- Уэри ара уи Iуэхур зыIутыр? – соупщI, зызгъэлIу. Сэ апхуэдэпхъу сиIэнкIэ Iэмал иIэкъым-тIэ.

- Сэ езыр сопщэфIэф, - погуфIыкI.

- Зэзэмызи, хьэмэ...

- МыбыкIэ щыпсэухэм къахыхьа къудейщ ар. Ди дежкIэ, Узбекистаным къызэрыщежьэрэ куэд щIащ. Унэм щыпщэфIэжыр мащIэ дыдэщ.

- Сыкъэбукlтэм!

Малъхъэм щабэу сешхыдэн си мураду арати, сыт жыпIэжынт, уи пхъур и лIым хуэмыпщафIэу къыщIэкIамэ? Ари лIыгъэкIэ къыжьэдэсшауэ аращ.

- Зэрыщыт дыдэр жыIэт, щIалэ!

- Зырикъым, сэ схуэмышэчу щыткъым ар, ауэ... Дыщыцlыкlум щыгъуэ, ди адэр лэжьакIуэ къыщикIыжкIэ, махуэшхуэ гуэр къихьам хуэдэт ди дежкIэ. Ди анэм абы и Iуфэлъафэр къижыхьу, Iэнэ хуигъэуву, дэ димыгъэзэрану...

- Дэри арам дызэрыщытар. Ди адэр мышхауэ дытIысыну дыхуиттэкъым.

- Пэжщ мо хьэIуцыдзым и лIым жиIэр, къыпхуэмейуэ къыпфIощI. Армыхъумэ, сыт? Шхыныр гъунэжщ икIи пудщ. Унагъуэ шхын сигу къихьэмэ, ди анэм деж сокIуэж, е сэ езыр сопщафIэ.

Си бзэр иубыдащ абдежым. ИтIанэ хуэмурэ щыкъу адэ ролым сихьэжын щIэздзащ:

- Уэлэхьи, щIэбдэн щымыIэ! ТщIэнури сымыщIэ. Уи щыкъу анэр къыщысшам, сэ зэи хадэм сихьэнукъым жиIэри къэуват. Ар си адэ-анэм ягу техуэнут? Лэжьэн хуэдэу зезгъэхуапэрти, здисшэрт, дыкъамылъагъун хуэдэу згъэувырти, псори сэ езым хэссэрт, сыпщIэрт, псы щIэскIэрт. Ауэрэ зигъэхъеин щIидзащ.

- Сэ содэ зэрыщытым хуэдэуи.

- Бдэуэ уеплъыжарэт! КIуэ, ежьэж, сылэжьэн хуейщ сэ! - щIызохуж. Телефонкlэ дызэрыщIэну дызэгуроIуэри, «Шейхъаным» сыкъыщIохьэж. Угупсысэнумэ, къеблагъэ, Расул.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм КIурацэ зэрыдэмысыр сщIэуэ и деж сокIуэри, къыбгъурытыпэу щыт гъунэгъум уэзджынэр хузогъаджэ. Зи бынхэр зэбгрыкIа зэлIзэфызт абдежым щIэсыр. Бжэр цIыхубзым къыIуихри, илIри щIэсу къыщIэкIащ. Iуэхум зыгуэр хащIыкIыу сщIа? «Тхьэ, ди жагъуэ хъуам» гуэрхэмкIэ къыщIидзат цIыхубзми, и лIым игъэпсэлъакъым:

- ЩIалэхэщ, махуэр имыух щIыкIэ зэкIужынущ ахэр!

- Уэлэхьи, сэри аратэм сыкъыщIэкIуар, - жызоIэри, си псори къахузокIут. Мыращ-моращ, фи унэм мазэкIэ сыхуейщ. Ар зы. Мыр Нартсанэ зэрызыщывгъэпсэхуну путёвкэщ, тIу. Си бысымхэр куэд щIат зэрытIысыжрэ. ЗдэзгъэкIуэну сыхэт Нартсанэ я къуитIым я зыр дэст, унагъуэм къатемыхьэлъэн хуэдэуи, зыгъэпсэупIэм щIэс хъунут. Унэр зэрысщIынури яжеIащ. Малъхъэр щIэзгъэтIысхьэнурэ, хъурымэбжьэрымейр къыщхьэщихыу, пщыхьэщхьэ къэс згъэпщэфIэну сыхуейт, сабийхэр къыкIэрымыкIын хуэдэу. Ауэ си пхъур зэрымыпщафIэр, сукIытэри, яжеIакъым.

Абы сыкъыщIокIыжри, хъыджэбзым и фэтэрыбжэр Iузох. ЯпэщIыкIэ зытхьэщIыпIэм сокIуэри, бжьамий зэпыгъупIэр къызогъэлалэ, псы тIэкIу къыпыткIун хуэдэу. Iупхъуэр къыфIызогъэхупэ, сабийхэм зэрымыщIэкIэ къатемыхуэн щхьэкIэ. ИтIанэ кIуэцIыбжэр Iузогъанэ. Абыхэм сыщIыхуейр КIурацэ Данияр еджэн папщIэт. Сытми, къескъутэкIахэр малъхъэм жызоIэжри, пщэдеймыщкIэ хуэдэм и хьэпшыпхэр зэрылъу гъунэгъу фэтэрым щIызогъэтIысхьэ.

А уэ пщIэ си ябгэжьым зыкъызимыгъащIэ и гугъэжу, къижыхьырт. Япэ щэбэт-тхьэмахуэм насыпыншэ дыдэ хъуат. Телефонкlэ КIурацэ йопсалъэ:

- Сытым деж фыкъыщысыжынур? Дынэкlуэжынукъым, жыпIа? Сэ Лалинэ фIэфI джэд шыпсым хуэдэ сщIыну арат. И адэр яхуэпщэфIащ, жыпIа? Къызгурыlуакъым! Хъунщ, узэрыхуейщ.

- Адыгэ спектакль куэд щIауэ уеплъа? - соупщI тхьэмахуэ хуэдиз дэкIауэ.

- Спектакль яхуэгъэувыжрэ иджы? Зэрыщыту уэрэдрэ къафэрэщ. Бзэ яIурылъыжкъым иджырей артистхэм, доуей къоухри сценэм итщ, псалъэхэр гукIэ яхузэгъэщIэнукъыми.

- Ар телевизоркIэ уеплъмэщ. Езы театрым дыкIуэмэ, уигу ирихьынущ. Дыкъыщыкlуэжкlэ КIурацэхэ дыIухьэнт.

МащIэу къэгузэват, къыСщибзыщIыр ищIэжырти. И пхъум мыбэлэрыгъыну и тхьэкIумэр хуиIуэнтIэн хуейтэкъэ? Сытми, Шекспир и адыгэбзэм гу щытхуарэ фIыуи дыкъэмэжэлIауэ, театрым дыкъыщIэкIыжри, дахыхьащ ди узбек пхъурылъхухэм. Дыздынэсам, фэтэритIыр зытет кIэлындорышхуэм уэздыгъэр щыIурицыкыIыу, сабиитIыр унитI зэхуакум щызежэрт.

- Мыр сыт? Фи гъунэгъухэм фахыхьэжауэ ара? - Сабринэ къэуIэбжьащ.

- Данияр щIэсщ абы. Папэ къеджэт! - и пхъур щIегъэкI КIурацэ, и нитIыр и анэм Iэримыгъэхьэу.

- Сэ сыкIуэнщ а папэ деж, - жызоIэри, сабийхэр си япэ иту гъунэгъу фэтэрым хузоунэтI. АрщхьэкIэ, езы малъхъэфIыр къыспожьэ, и «шах-пловыр» лъагэу Iэтауэ иIыгъыу. КъыдоIуэнтIэкIыжри, КIурацэ къигъэува Iэнэм дотIыс.

- Абы щIэсахэр дэнэ здэкIуар? - и пхъур ирехухь си ябгэжьым.

- Ремонт тщIыху дыщIагъэсыну и уасэр еттащ, - жеIэ Данияр, япэ зыкъегъэщри. - Нартсанэ дэс я къуэм деж щыIэщ. Унэм фытхуеплъ, жаIэри IункIыбзэр къытхуагъанэрти, ди Iуэху зыIутыр яжетIэри, дызэгурыIуащ.

Пловым сыщытхъуурэ изогъэмэрэкIуэх, итIанэ жьы зыщIезгъэхуныфэу сотэдж. Шордакъым докIуэ си малъхъэ дотэмрэ сэрэ. Зэанэзэпхъум дакъыкIэрымыхуу, щэхуу зэхуэдгъэхъыбарын ди куэдт дэри.

- Псыр бгъэбыдэжа? - соупщI.

- НтIэ, - погуфIыкI. - Япэ махуэм гу къыслъитакъым. Сэри я Iуэху зесхуэртэкъым. Ауэ сабийхэр къыщIинэри щIэкIати, сыпщафIэри къэсшахэщ. Езым шхын хьэзыр къихьу къыщыщIыхьэжам, мо тIур си деж къыщIэкIыжырт, я анэм и Iыхьэр яIыгъыу. ИтIанэ къызэджэри, Iупхъуэр фIэддзэжащ, сэ сщIэрэ, бжэр яхуIусхыжащ. Сабийхэр си деж нежэкI зэпытти, езыри нэхъыбэрэ накIуэу хъуащ. Зы тхьэмахуэ хуэдэкIэ зислъэфыхьащ, сыкъэмыкIуэжыпэу. ЦIыкIухэм зэзэуэн щIадзакIэт, си деж жэщым щыIэным щхьэкIэ. Ауэрэ езыри къэлэлащ…

- Тхьэмахуэм зэ е тIэу умыгъэпщафIэмэ, укъызэлынкъым! - хузоIуантIэ и тхьэкIумэр. АпщIондэху зэанэзэпхъум къахъуцэцыр зэхыдох:

- ФызэрызэкIужар си гуапэ хъуащ! - жреIэ и пхъум плов Iэфым къигъэгумэщIа Сабринэ.

- ДызэфIэнатэкъым дэ, - зыри къэмыхъуа хуэдэу, зегъафIэ КIураци.

- Тхьэмахуэ къакIуэ КIурацэ и пловым деплъынущ, - яхыжызоIыхь псоми макъышхуэкIи, зыцкIэ зысфIэмыIеижу, си ябгэжьыр къызощтэжри, КъалэцIыкIукIэ идогъэзыхыж.

ЧЭРИМ Марианнэ.



● Шхыныгъуэ

Нартыху хьэлыуэ



ШыуанкIэ тхъу къагъэплъ, абы, бэлагъкIэ зэIащIэурэ, нартыху хьэжыгъэ ухуэнщIа хакIутэ, мафIэ щабэм тету дакъикъэ 28 - 30-кIэ ягъажьэ. Шыуаныр пэшхьэкум кърагъэувэхри, фошыгъупс пщтыр хакIэ, фIыуэ зэхэзэрыхьыху мыувыIэу япщ. Хьэлыуэ пща пщтырыр тхъу зыщыхуа Iэнэм тралъхьэри, IэкIэ яубэ зэпэплIимэу е хъурейуэ. Зэпаупщ1 ху хьэлыуэм ещхьу. ЩаупщIатэм къэна упщIэтахуэхэр IэшкIэ цIыкIу ящI.

Халъхьэхэр: нартыху хужь хьэжыгъэу - г 400, тхъууэ - г 100, псыуэ - г 150-рэ, фошыгъуу - г 150-рэ.

● ЖыIэгъуэхэр

Иужьрей акъыл нэхъ зэгуэпыгъуэ бгъуэтын?

♦Гъэса хъуар куэдым я щхьэм яхь, сэхъуджар зейм и закъуэ далъагъу.
♦ЦIыхугъэр зыхэлъхьэгъуейкъым - зехьэгъуейщ.
♦ЦIыхум узэрыдихьэхынури гущыкI зэрыхуэпщIынури зы бетэмалщ.
♦Щытхъур уз зэрыцIалэщ.
♦Щыуагъэр мэпIий, къуаншагъэр щэхуу зэрахьэ.
♦ЩIыхуэр упшыныжми, Iуэхутхьэбзэу къыптонэ.
♦Иужьрей акъыл нэхъ зэгуэпыгъуэ бгъуэтын?
♦Iэнэ: адыгагъэр щагъэлъагъуэ, псэукIэр къэзыгъэлъагъуэ утыкущ.
♦Зэрыгъу-зэрышхэм загъэнщIыркъым: цIыхууи щрет, лъэпкъи ирехуу.
♦Къысхуищ1аIамэ, къысхуремыщIэж жаIамэ, Iуэхутхьэбзэм пагъэкIуэжу аращ.
♦Напэр гупэ-щIыбагъкIэ зэхидзыркъым.
♦Акъылым щхьэ куцIым фIырыфIкIэ тIысыпIэ къыщылъысыркъым - Iэпщэрыбанэкlэ къелэжь.
♦Делэм егъэджакIуэ иIэкъым, ауэ «еджакIуэ» и куэдщ.
♦Зызыгъэделэми зызыгъэгубзыгъэми зыгуэр къахутащ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● Хабзэ

БлагъэкIэлъыкIуэж

Щхьэгъусэ зыщIа щIалэм и адэ-анэр, Iыхьлыхэр нысащIэм и адэ-анэм деж благъэзэгъэцIыху щыIа нэужь, адрей лъэныкъуэми пIалъэ гуэр дигъэкIырти, къакIэлъыкIуэжырт. Абы «БлагъэкIэлъыкIуэжкIэ» йоджэ. Хьэщlакlуэ къакlуэхэми тыгъэ гуэрхэр щIалэм и благъэ-Iыхьлыхэм къыхуахьырт. Апхуэдэу благъэщIэ зэхуэхъуахэр зэрыцIыхуа иужь, хуиту зэкIэлъыкIуэу щIадзэрт.

Хъуэжэ и шыдым деж къекIуэлIэжащ.

Шыдыр зэ кIиящ.

- Алыхь-алыхь, ныкъуэлIэ сыхъуащ, - жиIэри Хъуэжэ етIысэхащ.

Шыдыр етIуанэу кIиящ.

- Алыхь-алыхь, иджы солIапэ, - жиIэри Хъуэжэ гъуэлъащ.

Шыдыр ещанэу кIиящ.

- Алыхь-алыхь, мис иджы сылIэпащ, - жиIэри Хъуэжэ гъуэлъащ.

Ар куэдрэ щылъа, мащIэрэ щылъа, пщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуауэ къуэмкIэ къызэрыдэхри, дыгъужьхэм шыдыр зэпкъраудащ.

- «Зи щхьэ щымыIэм и шыдыр хьэм ешх» жыхуаIэр аракъэ, сэ сыпсэужатэмэ, уи гугъу къащIынутэкъым а хьэхэм, - жиIэу Хъуэжэ зимыгъэхъейуэ щылът.

Абыкlэ блэкIрэ пэт ар къэзылъэгъуа гъуэгурыкIуитIыр гум къелъэри, дыгъужьхэр зэбграхужащ. Хъуэжэ гум къралъхьэри, къуажэм къашэжащ. КъакIуэурэ гъуэгу зэхэкIыпIэм къэсащ.

- Дэтхэнэ уэрамымкIэу пIэрэ хьэдэр здэшэжын хуейр? - жаIэу гъуэгурыкIуитIыр зэчэнджэщу щIадзащ.

Иужькlэ Хъуэжэ къэтIысри, и Iэпэр ишиящ:

- Сэ сыщыпсэуам щыгъуэ сызэрыкIуэжу щыта гъуэгур мыбыкIэт, - жиIэри.

● ГушыIэ

Сэ сыщыпсэуам щыгъуэ...

Хъуэжэ мэз щыIэу зы къудамэ ин джыдэкIэ къыпиупщIырт. А къыпиупщI къудамэм и щхьэкIэм езыр тест. АбыкIэ блэкI лIы гуэрым ар щилъагъум, Хъуэжэ жриIащ:

- Зиусхьэн, иджыпсту къыпыбупщI къудамэм уригъусэу жыгым укъехуэхынущ.

Узытес къудамэр къыщыпыбупщIкIэ укъехуэхынтэкъэ? Асыхьэтым къудамэри Хъуэжэи къехуэхри, щIым къытехуащ. Хъуэжэ тIэкIу зыкъищIэжа иужькIэ: «Сыкъызэрехуэхынур къэзыщIа а лIыр сыту цIыху Iущ гуэр», - жиIэщ игукIи, абы кIэлъыщIэпхъуащ.

- Зиусхьэн, а къудамэм сыкъызэрехуэхынур къыщыпщIакIэ, сыщылIэнури уощIэри къызжыIэ, - зыхуигъэзащ абы Хъуэжэ.

«Мыр хьэлэболэ гуэрщ», - жиIэри зыщхьэщигъэкIын папщIэ, гушыIэу лIы гъуэгурыкIуэм аргуэру къыжриIащ:

- Уи шыдыр щэ кIиймэ, уэри улIэнущ.

● Адыгэ лIакъуэхэр

Жанейхэр

Пасэм щыгъуэ жанэ адыгэ лъэпкъым и цIыхухэр куэд хъууэ, щIышхуи яIыгъыу щытащ. Ахэр щыпсэуащ Псыжь и ижьырабгъу бгъуэщIым. Жанейхэм я щIым къуэкIыпIэмкIи къуэкIыпIэмкIи жыжьэу зыщиукъуэдийрт, ипщэ лъэныкъуэмкIэ ар Кавказ къуршхэм еуалIэрт. Хуэбгъэфащэ хъунущ, ахэр езыхэм нэхърэ нэхъ гуащIэмащIэ лъэпкъхэр зрагъэдаIуэу, езыхэри яхэту тхыдэ тхыгъэжьхэм кIахэ адыгэу къыхэщхэрауэ.

Жаней адыгэ лъэпкъым щхьэхуитыныгъэр зыпищI щымыIэу къэгъуэгурыкIуащ. Ахэр лIыгъэ яхэлъу куэдрэ езэуащ кърым тэтэрхэм. Тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм пащтыхь быдапIэхэр щагъэуву, къэзакъхэр къыIуагъэтIысхьэу хуежьа нэужь, жанейхэм Псыжь и сэмэгурабгъу лъэныкъуэр хэщIапIэ ящIащ. Пщыхэмрэ уэркъхэмрэ зыхэмыкI зауэ кIыхьхэм, Кавказ зауэжьым, Истамбылакlуэм абыхэм адыгэхэм ящыщу къелар мащIэщ. Иджы зэгуэр лъэщу щыта жаней лъэпкъым щыщу къэнахэм я жылэр Пщыщ псым Iус Чэрэней и закъуэщ.

Жанейхэр адыгей литературэбзэм иропсалъэ.

● IуэрыIуатэ

БлэкIам фыкIэлъымыджэ

Шым уанэ трилъхьэри, нэху мыщ щIыкIэ дэшэсыкIащ Жэбагъы, гъуэгу кIыхь къыщIэлъти: Псыжь кIуэн хуейт, Iуэху къылъыкъуэкIауэ.

Жэбагъы гъуэгу зэрытехьар зэхахри, шу гуп лъежьащ, лъэщIыхьэри жраIащ:

- ЩIэх къэбгъэзэнукъым. Къэбгъэзэху дызэрыпсэун псалъэ къыджеIэ.

- БлэкIам фыкIэлъымыджэ, - къажриIащ Жэбагъы. - Нэхъыбэм къаублэр хабзэщи, абы феувалIэ.

Жэбагъы и уэсят

Жэбагъы жьы хъууэ и лIэгъуэр къыщыблагъэм:

- Уэсят къытхуэгъанэ, - жари жылэр къелъэIуащ.

- Си уэсятыр мыращ, - жиIащ Жэбагъы. - Япэ фымыуэ, къывэуэм фыпимыкIуэт. Гъунэгъу Iей благъэ фымыщI. ФифI фымыгъэпуд. Фи Iей фымыгъэпщкlу. Зэманым фыдекIу.

Псалъэзэблэдзы

ЕкIуэкIыу: **1**. Къуий здэщыIэм ... къыщрахыркъым. **3**. УкIытэ зиIэм насып ... **7**. ... къэрабгъэ нысащIэ гъэшынэщ. **8**. ... ныкъуэрэ зэрыщIэркъым. **9**. ... щыкъун и пщIыхьщ. **12**. Ахъшэр ... хуэдэщ. **13**. ... здэщымыIэм дзыгъуэ щоятэ. **17**. Къандзэгурэ ... гу егъэуфэрэнкI. **20**. Куэд зыгъэщIа куэд ... **21**. Уэшх блэкIам ... кIэлъумыщтэ. **22**. ... имылъмэ, лъакъуэм и мыгъуагъэщ. **23**. Бзэгур шэм нэхърэ нэхъ ...

Къехыу: **1**. Мыщащхьэ плъагъуу, ... лъэужь умылъыхъуэ. **2**. ... къэтэджамрэ щIалэу къэзышамрэ щIегъуэжыркъым. **4**. ... къашэри, вынэ ирищIащ. **5**. ... и зекIуапIэ и кIуэдыжыпIэщ. **6**. Бэр зэкъуэтмэ, батэ ... . **10**. Зумыхьэри уимыIэри ... . **11**. Зым и зэран ... йокI. **14**. Лы зышхар ... йофэж. **15**. Зи цIэ ираIуэ бжэщхьэIу ... . **16**. И анэ еплъи, ипхъу ... . **18**. ... зытI ... йохуэж. **19**. Узыдэмыхьэ къуэладжэ лы ... .

Зэхэзылъхьар
БИЦУ Жаннэщ.

Щэкlуэгъуэм и 7-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **1**. Хьэтыкъ. **4**. Пыпхэ. **5**. Аркъэн. **8**. Жэмыжьыгу. **10**. Гъудэ. **11**. Щихъ. **12**. Псынабэ. **13**. Лъабжьэ. **15**. Пшагъуэ. **18**. Гъуаплъэ.

Къехыу: **1**. Хьэх. **2**. Тхъу. **3**. Къыр. **4**. ПцIэгъуэплъ. **6**. НэщхъыфIэ. **7**. ЩIыунэ. **8**. Жэп. **9**. Гущэ. **14**. Жьэгъу. **16**. Шхуэ. **17**. Хъуп.

ЛЪЭПКЪЫЛI щыпкъэ

Фэеплъ

Уэрэджылакlуэ, къэфакlуэ, хореограф, балетмейстер, адыгэ уэрэдыжьхэр зыгъэзащlэу, хъыбархэр екlуу зыlуэтэжу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щlыхь зиlэ и артист, уэрэдымрэ къафэмкlэ «Шэджэм псыкъелъэхэр» lуэрылуатэ цlыхубэ ансамблым и уэрэджылакlуэ Iэзэ Молей Алихъан Iэбу и къуэр псэужамэ, и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъунут. Цlыхуфlу, зэчиифlэу, зигури зи псэри макъамэмрэ лъэпкъымрэ яхуэгъэзауэ псэуа лlы бжьыфlэр зэи ящыгъупщэнукъым ар зыцlыхуу щытахэм, лэжьыгъэкlэ, lуэхукlэ абы хуэзахэм.

АЛИХЪАН 1951 гъэм щэкlуэгъуэм и 13-м Шэджэм Етlуанэ къуажэм къыщалъхуащ. Молей Алихъан и гъащlэ псор тыхь хуищlащ лъэпкъ щэнхабзэмрэ хабзэхэмрэ хъумэным, пхужымыlэн хуэдизщ абы ди щlыналъэм и уэрэд, къафэ гъуазджэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэу хуищlар. Адыгэ къафэхэмрэ уэрэдхэмрэ хъума хъун папщlэ и къару еблэжакъым ар. И лэжьыгъэ гъуэгуанэм къыщыщlидзат дуней псом къыщацlыху «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым, абы и къэфакlуэу илъэс куэдкlэ щытащ, гупым и гъусэу СССР-ри къэрал куэди къызэикlухьащ.

Абы къыхэкlыжа иужь, 1990 гъэхэм ипэхэм, «Шэджэм псыкъелъэхэр» гупым и художественнэ унафэщlу ирагъэблэгъащ. А зэманым щегъэжьауэ Алихъан цlэрыlуэ хъуащ адыгэ уэрэдыжьхэмрэ нарт пшыналъэхэмрэ я гъэзэщlакlуэу. Ар мызэ-мытlэу щытекlуащ республикэми, гъунэгъу щlыналъэхэми, лъэпкъ куэдым я лlыкlуэхэр хэту къызэрагъэпэщ зэхьэзэхуэхэмрэ фестивалхэмри.

1997 гъэм Алихъан Иорданием щыlэ Адыгэ Хасэм иригъэблагъэри, ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм къэфэкlэ яригъащlэу щылэжьащ. Иужькlэ Шэджэм Етlуанэ къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм и унафэщlу щытащ.

Гулъытэ хэха сыт щыгъуи хуищlащ къытщlэхъуэ щlэблэр гъэсэным, ди щlыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ псыпэм пщlэ хуащlу, и мыхьэнэр нэсу къагурыlуэу къэгъэтэджыным, ар фlыуэ егъэлъагъуным. Ахэр абы щыхузэфlэкlащ уэрэджылакlуэхэр щагъэхьэзыр гупу «Шэджэм псыкъелъэхэр» ансамблым и деж щыlэм, Шэджэм Етlуанэ къуажэ еджапlэ Алихъан хореографу илъэс куэдкlэ здэщыlам, иужьрей илъэсхэм ар щылэжьа, щапхъэ зытепх хъуну къалъыта «Къундет» сабий къэфакlуэ гупым. Зэманкlэ абы Кыщпэк къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм къафэм щыхуигъэсат еджакlуэ цlыкlухэр. Къуажэ школым и егъэджакlуэхэм жаlэрт абы щыгъуэ: «Алихъан апхуэдизкlэ къэфэныр гурэ псэкlэ ди сабийхэм захригъэщlащи, къыщакlухькlи къофэ». Ар щlыжысlэращи, Алихъан сытым дежи зыхущlэкъур зыт: и гъэсэнхэр дахагъэм, къабзагъэм, утыку итыкlэ екlум хуигъэсэнырт икlи ар пылъхьэншэу къехъулlэрт.

Абы игъэзащlэрт адыгэ уэрэдыжьхэри езым иусахэри. Алихъан игъэlуахэм ящыщщ «Шэджэрокъуэ и уэрэд», «Трам и къуэ Къарэбатыр», «Андемыркъан», «Къудейбердыкъуэ», «Гуащэмахуэ и тхьэусыхэ», «Жьыщхьэ махуэ» жыхуиlэ тхыдэ-лlыхъужь уэрэдхэр, нэгъуэщlхэри.

Бахъсэнёнкэ (Къэсейхьэблэ) къуажэм щlэх-щlэхыурэ щрагъэкlуэкl пшыхь хьэлэмэт, адыгэ уэрэдыжьхэм, абыхэм я мыхьэнэм, ди тхыдэм ахэр къызэрыхэщым теухууэ. Ар къызэзыгъэпэщыр жылэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэм и методист, КъБР-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ, усакlуэ Зэгъэщтокъуэ Людэщ. Иужьрей зэlущlэр, «Адыгэ уэрэдыжьхэр лъэпкъым и тхыдэщ» фlащауэ 2025 гъэм екlуэкlар, фэеплъ хуащlащ уэрэдыжьыр, ар гъэlуныр зи псэм хэлъу щыта Молей Алихъан.

- Мыпхуэдэ зы пщыхьэщхьэ зэхэтшауэ, Алихъан абы щыжиlат: «Илъэс къэс евгъэкlуэкl мыпхуэдэ пшыхьхэм мыхьэнэшхуэ яlэщ икlи абы ещхьхэр къуажэ, къалэ къэс къыщызэгъэпэщыпхъэщ. Iэмал имыlэу Шэджэм Езанэ къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм щытщlынущ апхуэдэ, фэри абы фыкъедгъэблэгъэнущ», - игу къегъэкlыж Людмилэ. - Ди жагъуэ зэрыхъущи, псоми пщlэ зыхуэтщl, фlыуэ тлъагъу Алихъан и мурадым и Iэр лъэlэсакъым. Нобэ дэ тхэтыжкъым лъэпкъым и цlыху щэджащэ, дахагъэр зыгуэшу дунейм тета, ди ныбжьэгъуфl Молей Алихъан.

«Адыгэ уэрэдыжьхэмрэ усэхэмрэ адыгэ лъэпкъым ди тхыдэщ, ди хабзэщ, ди фащэщ, ди макъщ, ди лlыгъэщ, ди напэщ», - жиlэгъащ Къардэнгъущl Зырамыку. Ди нэхъыжь lущым и псалъэхэм нобэ хуэпэжхэр, Молей Алихъан хуэдэу лъэпкъ фlыгъуэр зыхъумэхэр, ди гуапэ зэрыхъунщи, нобэ ди мащlэкъым».

Людмилэ итха мы усэр зытриухуар, зыхуэгъэзар зи гугъу тщlы цlыху щыпкъэрщ - Молей Алихъанщ.

Утетащ уи гъащlэ гъуэгум екlуу,
Уи зэчийр ди щlэблэм хуэбгуэшащ,
Укъалъхуат дахагъэр уи псэм хэлъу,
Къэбгъэщlын ар зэи уемыша.

Я гум уилъщ ныбжьэгъу
къыбдекlуэкlахэм,
Уи хъыбарыр гъащlэм къыхэнащ,
Щlэблэу уэ дахагъэм хуэбгъэсахэм
Къакъуэжынущ къуэпс, дунейр
псэуху!

Алихъан, ныбжьэгъу
къызэбнэкlахэм,
Ноби гуапэу я гум ущопсэу,
Ахэм пхуэдэу я гъуэгу къыхахахэм
Емыпцlыжу, къыщагъэщl дахагъ!



И ныбжьыр илъэс 73-рэ хъууэ, 2024 гъэм мэкъуауэгъуэм и 17-м дунейм ехыжащ Алихъан. Дахагъэр зи псэм хэлъа лъэпкъыlлым и lуэхущlафи, и псалъэ гуапи куэдрэ иджыри щыпсэунущ ар зыцlыхуу, фlыуэ зылъагъуу декlуэкlахэм я гум.

ИСТЭПАН Залинэ.

Бахъсэн къалэм и спорт утыкущlэхэр

Бахъсэн къалэм иджыблагъэ спорт ухуэныгъэу 3 къыщызэlуахащ: боксерхэм, зэзауэ зыхэт спорт лlэужьыгъуэхэмкlэ пэшхэмрэ топджэгу губгъуэщlэрэ. Абыхэм иращlэкlа гуфlэгъуэ зэхыхьэм кърихьэлlащ Бахъсэн къалэ администрацэм и Iэтащхьэ, УФ-м щlыхь зиlэ и тренер Мамхэгъ Хьэчим, спорт лlэужьыгъуэ щхьэхуэхэмкlэ УФ-м, Европэм, дуней псом я чемпионхэу, УФ-м и Кубокыр къэзыхьахэу Мырзэ Резуан, Мэш Ислъам, Хьэжьрокъуэ Валерэ, Бэрэгъун Аскэр сымэ, спорт, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лlыкlуэхэр, нэгъуэщlхэри.

ЯПЭЩlЫКlЭ къызэlуахащ олимпиадэм хэтыфыну сабий зачиифlэхэр щагъэхьэзыр спорт еджапlэм боксым щыхуагъасэ и пэшыр, метр зэбгъуэнатlэу 300-м щlигъуу.

Къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжа ухуэныгъэм и инженер коммуникацэхэр зэрахъуэкlащ, блынджабэхэр захуэ ящlри, къралэкlащ, бжэщlэхэр хагъэуващ, зыгъэпскlыпlэщlэхэр хуащlащ. Лэжьыгъэхэр ирагъэкlуэкlыхукlэ, спортсменхэм нэгъуэщl утыкухэм зыщагъэсащ. Нобэкlэ секцэм щадолажьэ боксер ныбжьыщlэу 100-м нэблагъэм.

Етlуанэу къызэlуахар къалэкум ит топджэгу губгъуэщlэрщ. Мыбдежым ар къыщагъэщlэрэщlэжауэ аращ икlи къызыхуэтыншэу зыхуей хуагъэза а щlыпlэм иубыдащ метр зэбгъуэнатlэу зы миным щlигъу. Губгъуэм «алэрыбгъущlэ» иралъхьащ, тренерхэм я пэшхэри хуащlащ.

Иужькlэ Щэнхабзэмкlэ унэм къыщызэlуахащ зэзауэ зыхэт спорт лlэужьыгъуэхэмкlэ пэш зэпэщыр. Абы метр зэбгъуэнатlэу 288-рэ еубыд икlи зэуэ цlыху 36-м зыщагъэсэфынущ. Тренировкэхэр езыгъэкlуэкlынур ММАмкlэ зэуакlуэ лъэщхэу Мэш Ислъамрэ Хьэжьрокъуэ Валерэрэщ.

Спорт ухуэныгъищми трагъэкlуэда мылъкур бюджетым къыхэкlакъым. Мыгувэу Мамхэгъ Хьэчим спортсмен ныбжьыщlэхэр зыхуэныкъуэну спорт оборудованэщlэхэр, lэмэпсымэхэр, нэгъуэщl техникэ сыт хуэдэхэр абыхэм яритыжынущ.

КЪУЭЖЕЙ Iэдэм.





Лъэпкъ lэфlыкlэр зи lэрыкlхэр

Хьэмидей жылэм иджыблагъэ щагъэлъэпlащ фокlадэ мазэм екlуэкlа «Вкусы России» зэхыхьэм ди республикэр цlэрыlуэ щызыщlа къуажэдэс бзылъхугъэхэр.

СУРЭТЫМ щыфлагъу цlыхубзхэращ абы щыгъуэм килограмм 254-рэ зи хьэлъагъ, метри 2 зи инагъ адыгэ хьэлыуэ нэхъ ин дыдэр зыгъэхьэзырар. Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр зэрагъэлъапlэ lуэхугъуэхэм хыхьэу къызэрагъэпэща зэхыхьэм цlыхубзхэм дамыгъэ лъапlэхэр щратащ, щэнхабзэ щlэиныр хъумэным, лъахэ цlыкlум и щlыхьыр lэтыным хэлъхьэныгъэ зэрыхуащlым папщlэ.

Тэрч муниципальнэ щlыналъэм и администрацэм и lэтащхьэм къыбгъэдэкl фlыщlэ тхылъхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ бзылъхугъэхэм яритащ районым Мэкъумэш lэнатlэмкlэ и управленэм и унафэщl Шэрий Юрэ.

Фlыщlэ псалъэхэр жиlащ район администрацэм и lэтащхьэм и къуэдзэ Алъхъэс Аскэр. Тыгъэ лъапlэхэр, щlыхь тхылъхэр бзылъхугъэхэм яхуигъэфэщащ Тэрч щlыналъэм и цlыхубзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщl Дзэгъащтэ Марие. Псалъэ гуапэхэр жиlащ Хьэмидей къуажэм и lэтащхьэ Чэрим Артёми. Дэтхэнэми къыхигъэщащ ди лъэпкъ шхыныгъуэхэр хъумэным мыхьэнэшхуэ зэриlэр.

Хьэмидей къуажэм цlыхубзхэр зыхэт и советым и унафэщl Борий Ритэ жиlащ «Вкусы России» зэхыхьэм рекордыр зэрыщагъэувыфар псоми я ехъулlэныгъэу къызэрилъытэр, зэгурыlуэу зэрызэдэлэжьам ар къызэрыпэкlуар.

Шэч зыхэмылъращи, адыгэ хьэлыуэр lэфlыкlэ къудейкъым, атlэ щlэблэхэм зэlэпах пасэрей lэщlагъэщ. Фlыщlэу щыlэр яхуэфащэщ ар шхын къабзэу, гурыхьу къэрал утыкум изыхьэфа ди цlыхубз лъапlэхэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

УнафэщI-редактор ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.101 • Заказыр №2499

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ lуэхущlапlэм ПИ № ТУ07-00117-м щlэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цlэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщlанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А